ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ЛЕГЪАТ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№10 (21.168) ● 2008 гъэм щІыщылэм (январым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и экономикэм щхьэкІэ

КЪБР-м Экономикэм и министерствэм эпхъуэкІыныгьэхэр щыІэныгьэм ирагъэфедэнымкІэ и мурадхэр щыгъуазэ ящІыжыгъ КЪБР-м и Президентым и программэ» илъэситху пІалъэм тещІыхьам къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгьэхэмкІэ пщІэ ямыту ирагъэджэнуэхэр къыхэхыным теухуауэ.

-АПХУЭДЭ унэтІыныгьэхэр щы мэхъу, - жиІащ КЪБР-м экономикэ зыужьыныгьэмрэ сатумкІэ и министрым и къуэдзэ Кіэрэф Мурат. - Ящэ - ар предприятэ цыкІухэм, хьэрычэт щІэн Іэужр дэзыгъыныжкІэ инфраструктурэм и объектхэм я унафэщІхэу, Іэщ1агъэлІхэу хьэрычэтыщІэ гъэкъыгъэ езыгъэкІуэкІыну хуей щІалэгъуалэ илъэс 30 нЫбжьым щхьэдэмыкІхэм «Хьэрычэт щІэн лэжьыгъэм и иджырей Іэмалхэмкіэ» я Іэщ1агъэм хэгъэхъэныгьэ. Етіуанэр ар магистратурэм и программмэмкІэ, МВА-м и программмэмкІэ щІэныгьэ нэхъыщхьэ, зи Іэщ1агъэмкІэ илъэси 3 нэхъри мынэхъ мащІэ лэжьыгъэ стаж зиІэ икІи инджыныгьэ зыщІэ щІыхуэхэр дунейпсо бизнесшколэхм щрагъэджэн щхьэкІэ къыхэхыныгьэ. Ещанэр экономикэ зэпкъ юридическэ е экономикэ щІэныгьэ зиІэ, унафэщІу илъэси 2 нэхъ р мынэхъ машІэ лэжьыгъэ стаж зиІэ икІи инджыныгьэ зыщІэ щІыхуэхэр арбитражкэ (антикризисэ) Іэщ1агъэм хуегъэджэныщ.

«Хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэм и иджырей Іэмалхэр» курсымкІэ еджэныгьэхэр Налшык къалэм Цюлковскэм и узрам, 7-м щыІэ бизнесинкубаторым и унэм 2008 гъэм мазаем и 4-м щыщ1адзауэ и 22-м нэсыху щекІуэкІынщ.

Еджэныгьэр ирагъэкІуэкІынущ «МИРВИС» (Плеханов Г.В. и цІэр зезыхъэ урысей экономикэ академие), Москва международнэ бизнес школ нэхъыщхьэм и егъэджакІуэхэм. Зэраджэну ящІ1ыну, гупыр щІыху 33-рэ мэхъу. Еджэныгьэхэр махуэ къэс екІуэкІынущ астрономие сыхьэтэ 4,5-рэ зэманэ ихьу. Ирагъэджэхэм хъэрычэтыщ1э лэжьыгъэм и иджырей Іэмалхэм теухуауэ щІэныгьэ куу ягъуэтынущ. Еджэныгьэхэр ирагъэкІуэкІынущ зыхуеджэ Іэужрмкіэ зыыбгъуэуэ гъэжьыгьэхэр ирагъэкІуэкІыну - щытепсэлъыкІэ щытепсэлъэгъэрахьу, зыхуеджэ Іэщ1агъэмкІэ зэпрагъэуауэ, н.къ. лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыну.

Еджэныгьэм зэфІэкІа иужькІэ я Іэщ1агъэм зэрыхагъэхъуамкІэ къэрал щ1апхъэм тет документ е деджапІэм и сертификат кърагъэщ ирагъэджэхэм пэлъэщІауэ къалэпІэ, кІуэ лэжьыгъэ зэфІэкІэ, щІэныгьэ нэхъыщхьэ е курыт - профессионалнэ щІэныгьэ зэрагъэмкІэ къэрал щ1апхъэм тет документыр ягъэлъэгъуа нэужь. Апхуэдэ щІэныгьэ ямыІэмэ, ирагъэджэхэм еджапІэм и сертификат иратынущ, мыдрейуэ еджныгьэм зэфІэкІ хъэ зиІэу зыкъыщыдэлъэгъэгъуэхэр нэгъуэщІ къэралхэм стажировкэ ягъэкІуэнкІи хъунущ.

ХЬЭПЭ Маринэ.

Шэрэдж куейм щыхэхэт «Зэныбжьэгъугъэ» мэкъумэш предприятэр, ильэс зыбжанэкІэ дызэІэбжьыжмэ, пъэльэжьахэм хабжауэ щытащ.

2007 гъэрщ абы зыкъыжьыжьауэ щыхуежьыар икІи ар зи фІыщІэу къаратыгъэр ЗэкъоштІ-гъэм и унафэщІу я гъэува Куэшмэн Назирщ. Куэшмэным и фІыгьэкІэ зытращ1ауащ щэн-кІэщІэхуныжкІэ нобэрей Іуэху зэхуэщытыкІэм къыгъэув хабзэхэм. Мэкъумэш Іэнатіэ зэхэкъутэжам и пІэм кърагъэуващ зи хуитныгьэхэр гъэпсыкІауэ «Агро-Дружбэ» зэгугъэныгьэ. Зэман кІэщІым къыгубыдэу мыбы хуэзфІэкІащ хозяйствэм кьытеиа щІыхуэхэр ипшынэжу, адэкІэ езым я щхьэ хэуэгъэ-

●Правительствэ сыхьэтым

Гу зылъытапхъэ куэд къагъэлъагъуэ

Дыгъуасэ КЪБР-м Законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм щекІуэкІа правительствэ сыхьэтыр теухуауэ щытащ КЪБР-м и транспортым и инфраструктурэм и нобэрей щытыкІэм, абы дяпэкІи зегъэужьыныкІэ щыІэ Іэмалхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и ЫнафэщІ**Бечелов Ильяс**, абы и ыкъуэдзэжьу **Бозий Натбий, Федченкэ Людмилэ, Берд Хьэрэталий**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэ **Чеченов Ануар**, КЪБР-м транспортымкІэ, связымкІэ, гъэуэгу хозяйствэмкІэ и министр **Суншь Ануарбий**, КЪБР-м лэжьыгьэмрэ социальнэ зыужьынырэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**, КЪБР-м тарифхэмкІэ и къэрал комитетым и Іэтащ1ыкІ **Уэлджыр Жыраслъэн**,депутатхэр, къэрэ, районхэм администрацІэхэм я Іэтащ1ыкэхэр, транспортым епха Іуэху щІэныгьэхэм я тхьэмадэхэр.

ЗэІущІэм губгъуэгу къыщыпсэльащ Суншь Ануарбий.

- Гъэгу и уэрэ, щыхуэхэр кьеШэкІынымкІэ Іуэхутхьэбзэ зыщІэ Іуэхущ1апІэхэр кьызыхуэтынышэу кьызэрэпэщыным гулыпІэ хэха хуещІ КЪБР-м и Правительствэм. Гъэгуэгэр зыхъей хуэгъэзэжынымкІэ 2006 гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 94,7-рэ кьыхэкІамэ, 2007 гъэм а Іуэхум бюджетым хухихащ сом мелуани 196-рэ.

2007 гъэм КЪБР-м и Правительствэмрэ Федеральнэ гъэуэгу агентствэмрэ эрэщыліа зэгурыІуныгьэхэм ящхьэкІ ирикІэ, сом мелуан 426,5-рэ я Іуэхущ1апІэхэр щыІэныгьэ лэжьыгьэшхуэхэр едгъэкІуэкащ, федеральнэ гъэуэгуэм кьадэкІуэу м униципальнэ гъэуэгуэхэрэ зэдгъэпэщыжащ. КъыщынэмыщІауэ, Налшык къалэ и гъэуэгуэхэм зегъэубгъуным «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым щхьэхуэу ахьшэ хухихауэ щытащ. Къапщтэмэ я блэкІа илъэсым къриубыдэу сом мелардрэ мин 391-рэ тегъэкІуэдащ ди гъуэгуэхэр зэгъэпэщыным.

Щыхуэхэр транспортхэмкІэ кьешэжьІным и Іуэху зыІутым щытепсэлъыхьым, Суншым кьыхихгъэщащ абыкІэ зыхуэгъэувыжьахэр процент 87-кІэ гъэзэщІа зэрыхьуар, транспортхэр республикэм и жылагьуэ псоми зэрынэсыр икІи щхьэх уэ кьыте увыІащ щІыхуэр арэзы кьэзымыщІ Іуэхугъ уэхэмрэ абы пылъ гугъуехьхэмрэ.

Министрым и докладым дощІигьуэ къэпсэльащ Тюбеев Альберт. Ар кІэщІу тепсэлъыхьащ льготэ зиІэ щІыхуэхэр автомобиль транспортхэмкІэ кьызэрыращэжкІэр кьызэгъэпэща зэрыхьуэм, абы и лъэныкъуэкІэ министерствитІыр зэрызэдэлажьэм.

ЗэІущІэм губгъуэгу зыщыпсэльащ Суншь Ануарбий.

- Гъэгу и уэрэ, щыхуэхэр кьешэжьІнымкІэ Іуэхутхьэбзэ зыщІэ Іуэхущ1апІэхэр кьызыхуэтынышэу кьызэрэпэщыным гулыпІэ хэха хуещІ КЪБР-м и Правительствэм. Гъэгуэгэр зыхъей хуэгъэзэжынымкІэ 2006 гъэм республикэ бюджетым сом мелуан 94,7-рэ кьыхэкІамэ, 2007 гъэм а Іуэхум бюджетым хухихащ сом мелуани 196-рэ.

2007 гъэм КЪБР-м и Правительствэмрэ Федеральнэ гъэуэгу агентствэмрэ эрэщыліа зэгурыІуныгьэхэм ящхьэкІ ирикІэ, сом мелуан 426,5-рэ я Іуэхущ1апІэхэр щыІэныгьэ лэжьыгьэшхуэхэр едгъэкІуэкащ, федеральнэ гъэуэгуэм кьадэкІуэу м униципальнэ гъэуэгуэхэрэ зэдгъэпэщыжащ. КъыщынэмыщІауэ, Налшык къалэ и гъэуэгуэхэм зегъэубгъуным «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым щхьэхуэу ахьшэ хухихауэ щытащ. Къапщтэмэ я блэкІа илъэсым къриубыдэу сом мелардрэ мин 391-рэ тегъэкІуэдащ ди гъуэгуэхэр зэгъэпэщыным.

Щыхуэхэр транспортхэмкІэ кьешэжьІным и Іуэху зыІутым щытепсэлъыхьым, Суншым кьыхихгъэщащ абыкІэ зыхуэгъэувыжьахэр процент 87-кІэ щытыкІэрщ. Щ1ыхуэхэр кьыхэзрашэжкІын автобусу 20 фІэкІа кьащ1ыхуэмыцІэм, уней автобус зиІэ щ1ыхуэхэм лэжьэн щІрагъэдзэ. Иужьрей зэманым а щытыкІэм игъэуэта зэхъуэжьныгьэхэм тепсэлъыхьащ Павленкэ, апхуэдэуи автобусыпІэм иужьрей илъэситІым зэрызимыхьэжьаг, ауэ щ1ыхуэкІэ запчастхэми бензинми я уасэхэм я лъэхъэнэм кьриубыдэу процент 40-кІэ зэрыхэхьуар кьыжиІащ. Маршруткэхэмрэ троллейбусхэмрэ я уасэм иІэу щыта зэщхьэщыкІныгьэм техьэжьам зэрыхуейм щытепсэлъыхьым, а тІур зэхуэдэ зэрыхьуэр автобусхэмрэ троллейбусхэмрэ я фейдэм хэпщІыкІыну зэрыкІэрыхуар кьыхихэбеледжьлащ абы.

Я Іуэхущ1апІэхэм нобэкІэ я Іуэху зыІутыр, яІэ гукъеуэхэр, республикэм и унафэщІхэм гу зылъытапхъэу кьалЫутэхэм тетух уа ях къэпсэльахэщ «Троллейбус управленэ» МУП-м и унафэщІ Нало Николай, КЪБР-м и Парламентым и депутатэ эу «Эльбрус АТП» МУП-м и унафэщІ Темукуев Абдул-Хакимрэ «Бахьсэнавторанс» МУП-м и Іэтащ1ыкІ Къанокэ Мусэбийрэ.

Зэ1ущІэм и кІэухым жаІа псори кьыгъэщІикъуэжу кьэпсэльащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин Андрей. Абы жэуап иритащ къэпсэльахэм кьатъуэва ущІэхэм икІи министрствэхэм, нэгъуэщІ зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэхэм гу зылъатапхъэхэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьэм щхьэхуэу кьытеувыІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

●Ухуэныгъэщ1эхэр

Республикэм зэрызиужьым и нэщэнэщ ди кьалэхэм, кьуажэхэм щекІуэкІ Іуэху дахэхэр, кьыззтрагъэувыІауэ щыта ухуэныгьэ хуэ и кІэм зэрынагъэсэжьыр. Абыхэм ящыщщ иджыблагъэ Налшык къыщызэІуаха, кьатитхуу эзтет мы унэ екІур. Мыр Кьэбэрдей-Балькэр къэрал мэкъумэш академием и ректоратыщ. Ухуэныгьэм ирахьэлІэ иджырей пкъыгъуэхэмкІэ ягъэдха, зэманыщІэм кьигъэув хабзэхэм тету ящІа мы унэм и пэшхэр Іэхуитлъэхуитщ, сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщщ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●Шэрэдж куей

МурадыфІхэр яІэу

жьэну. Апхуэдэу езыхэм я мылъкукІэ кьащэхуащ техникэ, автотранспорт. Хозяйствэр бгыпхъэ щІыпІэм ихти, Іусыпхъэ, мэкъумылэ кьызытрахыну щІыр кьаймэщІыкІырт. Абыкіи хэкІыпІэ кьагъуэтащ: кьамытъэсбэну щІы сэтей зиІэ тыф-нэгъу хозяйствэмрэ я деж бэджэнду кьыщащтащ щІы гектар 750-рэ. «АПК-м зегъэужьынлъэпкъ проектым ипкъ иткІэ Іэщ1 пхъэпкыфу, щыхуэ зыхуеннум хуэдизэ кьащэхуащ.

Зи Іуэхур апхуэдэу зэтеувэжа предприятэм иджыпсту егъэлажьэ щІыкІэ 20. Апхуэдизэ дыдэм дызытехьа 2008 гъэм иджыри Іэнатіэ иритыфыну мэгугъэ. Аэр кьащтэнущ ґъатхэ-гъэмахуэ губгъуэ гъэжьыгьэхэм щІадза ноужь. Лэжьакіуэхэм зэрыжаІэмкІэ, адрей мэкъумэш хозяйствэхэм ельытауэ, я улахуэр фІыуэ нэ хьиніц. Куэшмэным зэрыжиІамкІэ, щІыгъэпшэрэхэм ґъавэбэв кьозыт жьалапхъэхэмкІэ зыззэрагъэпэщауэ ґъатхэм теухьэну я мурадщ. Мы гъэм я гугъэщ Іусыпхъэу кьагъэсэбэпыну хьэпщІийр, хьэр, нартыхур нэхъыбэу хасэну.

ЛЪОСТЭН Муэз.

●Тхылъыщ1э

Джырандокъуэ лъэпкъыр

АДЫГЭ унагъэщІэхэр зезыхьэ лъэпкъхэм теухуа литературэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Ирджыблагъэ Налшык дэт «Эль-Фа» тхыль тедзапІэм къыдигъэкІащ Джырандокъуэ лъэпкъым и тхыдэм, и цІыху пэрытхэм, абыхэм ди щІыналъэм и зыужьыныгьэм хуащІа хэлъхьэныгьэхэм тепсэльыхь тхыдэ пІащэр, Джырандокъуэ Хьэмзэт и къуэ Михаилрэ абы ипхъу Зэремэрэ я кьалэмыпІэ кьыщІэкІар.

Авторхэм белджылы кьызэращІамкІэ, Джырандокъуэхэ лъэпкъыжьыщ, уэрхъэм ящыщу, пщІыпхъу яІэу къэтъэгурыкІуащ, адыгэхэм я фэм джІа гугъуехьхэр ягъэващ, кьэхъугъэ кудым фІыкІэ я цІэхэр щагъэІуащ.

Тхылъым къыщыдощІэ Джырандокъуэхэ «ЛъабжьэфІи» «КъуэдамэІ» узыщІэхэри ЗэраІэр, лъэпкъым щыщ кІэдыр мы зэманым хамэ къэралхэм (Тыркуэм, Иорданием, Сирием, Германием, США-м, нэгъуэщІхэм) зэрыщыпсэур, ди республикэм къыщыхъуэхэм. Іэнатіэ зэмылІэужьыныгьэхэм пэрытхэм щытхъуфІ къэзылэжьа куэд зэрахэтыр, щІалэгъуалэм щыщхэм щапхъэфІ зэрагъэлъагъэр.

«Мыр сыту лъапхъэ хъарзынэ», - жьабОІэ унгуфІ, зи гугъу тщІы тхылъым ущеджэкІ. Щэч хэмылъу, Михаилрэ Зэремэрэ я лъэпкъым тыгъэфІкІэ хуэупсащ.

ПІЭЛІКЭМОКЪУЭ Мурат.

ЗэфІагъэкІахэр къапщтэжь

●ЗэІущІэ

Щ1ыщылэм и 18-м КЪБР-м и Архив Іуэхущ1апІэм гъэ кІуэм зэфІигъэкІахэр къыщапщытэжащ, дызытехьа 2008 гъэм ягъэзэщІэну къапэщытхэр къыщІэлэтащ.

КОЛЛЕГИЕМ и зэІущІэр къызэІуихри, КЪБР-м и Архив Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Къарэ Арсен** тепсэльыхьащ блэкІа илъэсым къриубыдэу зэфІагъэкІахэм, зыхуэнэмысахэм, къапэщытэ къалэнхэм. Апхуэдэу кьыхихгъэщхьыкІащ мы Іуэхущ1апІэм 2007 гъэм щекІуэкІа зэхъуэжьныгьэхэр «Архивэкъэрэ цІыхубзмрэ» журналым и номерищ къызэрыдагъэкІар, документ куэд зэрызэрагъэпэщыжьфар, архивыр хьумэныкІэ ирагъэкІуэкІа Іуэху щхьэпэхэр, нэгъуэщІ куэди. Адэкіэ Архив Іуэхущ1апІэм и къудамэхэм я унафэщІхэр кьэпсэльащ икІи кьыхэзащІэхуэхкІащ арыкмапІэр нэхъ ин щІын, зехьэн, псом хуэмыдэу, лэжьакІуэ нЫбжьыщІэхэм защІэгъэкъун зэрыхуейр.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

●Саугъэтхэр

Хъуран Батий и цІэкІэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и япэ редактору щыта Хъуран Батий и саугъэтхэр ильэсих хьуауэ редакцэм ет.



Япэ саугъэтыр зыхуэгъэфэща Жылаев Маринтэ.

2007 ГЪЭМ кьытехуа тхыгъэ нэхьыфІхэр кьалытэри, Хъуран Батий и саугъэтым и лауреат хуэдэу щытащ Іэдыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгьэмрэ щІэныгьэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ **Жылаев Маринтэ.** Абы иратыныгу сом мини 5. ЕтІуанэ, ещанэ зыныпІэкІэ хуагъэфэщауэ обозреватель **Къэрмокъуэ Хьэмидрэ** корреспондент **ЩхьэщэмышІ Иэзэ.**

Штатым хэмыхъэ авторкэм щыщу апэ увыпІэр кьихьащ Истамбыл щыпсэу хеттолог щэрыІуэ, ЩІДАА-м и ученкорреспондент**Чурей Алий.** Чуреим апхуэдэ саугъэтыр кьыхуихьащ хьэтхэм я тегъэхуауэ газетым кьытехуа и тхыгъэ купщафІэхэм. Алий иратыну соми мини 4-р, езым и жэрдэмкІэ, «Адыгэ псалъэм» и лэжьакІуэ хэм я щыщу улахуэ нэхъ мащІэ кьэзэхьхь зыбжанэм трагъэшэнчу. ЕтІуанэ увыпІэр **Уэрыш Нурхьэлийрэ Мыз Ахьмэдэрэ** зэхуагъэшащ. Абыхэм соми мин тІурыТ1 иратынущ. Ещанэ увыпІэр зытьыса **Лыгъэр Чэримрэ Хьэмбэзэр Рашидрэ** сом мин зырызкІэ яхуэупсэнущ.

НэхьыфІ ильэсихэм Хъуран Батий и саугъэтым и лауреат хъуахэм (Тымышкь Хьэмыщэ, Тхьэмокъуэ Барэсбий, Ширдий Маринэ, Къэрмокъуэ Хьэмид, ХьэфыщІэ Мухьэмэд, Жылаев Маритэ) я медалхэмрэ щыхьэт тхыльхэмрэ я ґъатхэпэм и 14-м ящІэбэзэм и махуэр щагъэтьапІэкІэ иратыжьынущ.

Унагъуэ миным нэблагъэ

Дагъыстэным и къалащхьэ Мэхъчкъалэ унагъуэ миным нэблагъэ уэздыгьэнщІу кьыщыпащ.

ЩІыпІэ зыбжанэм зэуэ щызэІухьащ электрокъару зыгуэш подстанцэхэр.

Іуэхур ягъэзэкІуэж.

Министрым и къуэдзэу ягъэув

Калоев Виталий Осетие Ищхьэрэм-Аланием ухуэныгьэмкІэ и министрым и къуэдзэу ягъэуващ. И Іэнатіэмкіэ архитекторщ, абы Іэнатіэм зрищІэужьыну къалыпІэ.

НаІуэу зэрыщытщІ, Калоевыр щІэрыІуэ хъуащ илъэс зыбжанэ и пэкІэ: швейцар авиадиспетчерыр иукІауэ щытащ - абы и зэранкІэ Германием и Боден гуэлым и щыгум къыщыхъуэ кьхъухьлъатэ зэжьэхэуэныгьэм хэкІуэдат и унагъуэр. Калоевым псом хуэмыдэу игу темыхуар кьэуанщэм «кьысхуэгъэгъу» кьызэрыжримыІарт.

Къэунэхуа мамырщІэкъу

Бен Ладен Омар - дунейм щыяпэ террорист Усамэ и къуэм - жиІащ мамырщІэкъу Іуэхуэхэр зэрихуну зэримурадыр.

Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ар хущІэкъунущ мусулъманхэмрэ Къэхъэрэмэрэ зэгурыІуныгьэм. Омар жиІащ зыщ бен Ладен Усамэ и къуэ 12-м. Абы зэрыжиІамкІэ, и адэр ильэгъуакъым 2000 гъэ тІыандэрэ.

ЗэІущІэ гугъуэр

Мы зыгьэпсэхугьэу махуэхэм Пакистаным и президент генерал Мушаррафрэ къыхэпІэ къэралхэм кІуэнущ.

Абы и мурадщ езым и унафэ щІыкІэр, зыхущІэкъуэр Игнатьевск и социально-экономикэ зызыныныгьэм мыльку хальхьэ. Аращ кьуажэдэсхэми абы Дерхьэблэ щІыфащ1ыжьыр. Абы екъэлІауэ Іэ Іэт 2008 гъэм ґъатхэпэм и 2-м екІуэкІынщ», - кьыхигъэщащ район администрацэм и лэжьакІуэм.

Туризмэм теухуауэ

КЪУЭКЪУЭЖЭДЭСХЭМ кьызэрыхъэжьмкІэ, а лъэпкъым кьыхэкІащ Черкесск кьалэм и унафэщІу щыта Дер Станислав. Ар псэуэхуКІэ Игнатьевск жылагьуэм дЭІэпыкъуащ.

«Къуэш нэхъыщхьэм и лъужьым тету абы и шынэхьщІэхэм Игнатьевск и социально-экономикэ зызыныныгьэм мыльку хальхьэ. Аращ кьуажэдэсхэми абы Дерхьэблэ щІыфащ1ыжьыр. Абы екъэлІауэ Іэ Іэт 2008 гъэм ґъатхэпэм и 2-м екІуэкІынщ», - кьыхигъэщащ район администрацэм и лэжьакІуэм.

ДОМБЕЙ щекІуэкІа зэІущІэм хьэщІэхэм я пашэ, Бенгрием щылъэ зыужьныныгьэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм дунейпсо зэпыщІэныгьэхэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым и чэнджэщэгъу Паб Золтан кьызэрыщыхигъэщамкІэ, иджырей зэманым мыхьэнэшхуэ иІэщ туристмрэ хэт щІылъэхэр я опытхэмкІэ зэхъуэжьным, щІыхуэхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр зэхъуэдэу ирагъэфІэкІуэным. Къэрэшей-Шэрджэсым ахэр кьыщІэкІуари аращ - республикэм и пСэукІэр зрагъэлъагъуну, туристмрэ щІэныгьэ зрагъэщІыхуну, я гупсысэхэмкІэ зэдэгущыІэну.

Іуэхур зэщІоплъэ

АБХЪАЗ. *Республикэм и президент Бэгъэлэщ Сергей иджыблагъэ зэрыжиІамкІэ, Куржым и президент Саакашвили Михаил куржы-абхъаз зэпэщІэувэныгьэр зауэм хуищэнкІэ щынагъуэ щыІэщ.*

«КУРЖЫМ иджыблагъэ щекІуэкІа президент хэхыныгьэхэм кьарикІуэахэр езы куржыхэм я Іуэхужщ, ауэ Кавказ псом дежкІэ наІуэщ а къэралым щынагъуэщхуэ кьыззэрыбгъэщІэжащ. Сыту жьпІэмэ, хуэдитІкІэ дзэ бюджетым хэзыгъэхъуэ зэрыщІэныгьэ гъэущІкІэ ущыгугъ хъунукым. ГурыІуэгъуэщ Іэщэр Урысей Федерацэм е Армением зэрыхуэмыгъэзар, атІэ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я зэрыгъэпсэхуэ щІыкІэ, - кьыхигъэщащ Бэгъэлэщ Сергей.

ХЬЭЩІЫКЪУЕЙ Олег.

●Правительствэ

Къэбэрдей-Балькэр

Щ1ыщылэм и 19, щэбэт

♦1847 гъэм «Кавказ» газетым кьытридзащ Адыл-Джэрий СультІан и «Урыс-Шэрджэс псалъалъэр грамматикэ кІэщІ щІыгъуу» лэжьыгъэр.

♦1965 гъэм Майкэ поселкэр къалэ хъуащ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 38-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 58-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 20-рэ.**

Щ1ыщылэм и 20, *тхьэмахуэ*

♦1921 гъэм Бгырыс АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1959 гъэм кьалъхуащ философие щІэныгьэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор Къуэщысокъуэ Роберт.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 37-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 17-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 23-рэ.**

Щ1ыщылэм и 21, *блыщхьэ*

♦1775 гъэм Москва и Болотнэ утым и щхьэр щыпаупщІащ Пугачев Емельян.

♦1921 гъэм лащ Ленин (Ульянов) Владимир Ильич.

♦Уф-м и инженерыдзэхэм я махуэщ.

♦1926 гъэм кьалъхуащ КЪБР-м и ЦІыхубэ тхакІуэ, УФ-м гъэхъэдэжмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хьэжбэчыр. 2000 гъэм ІащІ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 38-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 17-рэ зы дакьикъэм.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 25-рэ.**

Щ1алэгъэр зыхьэхьэрэр ПАЛ Мухьэмэдщ.

Щ1ыхь. Іушыгъэ

Зы выр шхэмэ, зы выр мэгурым.

Тхыдэ ■ Жьыжьэ - гъунэгъу ■ ГукъэкІыжьэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ ■ Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

●Къулыкъухэр

АфІэунэ Аслъэн и ІэнатІэщІэ

КЪБР-м и Президентым щІыщылэм и 15-м Іэ зыщІидзэ унафэм ипкъ иткІэ, Кьэбэрдей-Балъкэрым Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІу ягъэуващ АфІэунэ Аслъэн.

АфІэунэ А.М. 1962 гъэм Урыху кьуажэм кьыщІалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым абы кьиуащ Кьэбэрдей-Балъкэр къэрал университетым и экономикэ факультетыр. Иджы зыпэрыуа Іэнатіэм и пэкІэ Кьэбэрдей-Балъкэрым Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэу, «Чайкэ» ресторэм и унафэщІу, «Гладиатор» спорт клубым и генеральнэ директору щытащ. Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренерщ.

Унагъуэщ, щІалитІ иІэщ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

Псалэ щІэным пащэнущ

Урысейм Жор Плъыжьымкіэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкэр къудамэм и лъэжьакІуэм псапащІэ Іуэхущ1апІэхэр нобэ ирагъэкІуэкІ. Іэужьыгъэм и ныбжьыщІэхэм я ныбжьыщІэхэмрэ абы и мыхьэнэрэ зэрыщІэныгьэ хэмрэ абы и мыхьэнэмрэ дыныным дыдытехьа ильэсыщІэмэ пащэнущ.

«ДЭРЭЖЭГЪУЭЗІ ныкъуэдыкъуэ хэм, сабий зеинщэхэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм гурэ псэкІэ ядэІэпыкІуну хуей куэд ди щІалэгъуалэм зэрахэтыр», - жеІэ Къэбэрдей-Балъкэрым Жор Плъыжьымкіэ и отделением и Палшык къудамэм и унафэщІ АмкІокъуэ Лидэ.

Еджэныгьэхэр иджыпсту щокІуэкІ ЬКЪБКЪУ-м и политехническэ, педагогическэ, медицинэ колледжхэм, экономико-правовой, уэуакІуэ лицейхэм. Жор Плъыжьым и республикэ къудамэм и унафэщІ Пысенкэ Нинэ зэрыжиІэмкІэ, зи гугъу тщІа еджапІэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр мы Іуэхур кьызэрежьэрэ жэрдэмэ хэтщ. Студентхэм ящІыщ куэд зи закъуэу псэухэм якІэльэпопІэ, унагъуэ Іуэхуэхэмкіэ ядоІэпыкъу. Апхуэдэу Сунш Заудин зи унафэщІ «Уэуакіуэ» лицейм щеджэ щІалэ щІыкІуэхэм жьы хьуа ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм я унэкэр ремонт щІыхуащІ куэдрэ кьэхъуащ. Лъжьыгъэм кьыхэжаныкІахэр иплъэсыщІэм и пэ кьинхуэу Москва ирагъэблагъэри, «Доброволецэм я Урысейпсо еджэныгьэхэм» хэтащ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

●Шэрэдж куей

МурадыфІхэр яІэу

жьэну. Апхуэдэу езыхэм я мылъкукІэ кьащэхуащ т техникэ, автотранспорт. Хозяйствэр бгыпхъэ щІыпІэм ихти, Іусыпхъэ, мэкъумылэ кьызытрахыну щІыр кьаймэщІыкІырт. Абыкіи хэкІыпІэ кьагъуэтащ: кьамытъэсбэну щІы сэтей зиІэ тыф-нэгъу хозяйствэмрэ я деж бэджэнду кьыщащтащ щІы гектар 750-рэ. «АПК-м зегъэужьынлъэпкъ проектым ипкъ иткІэ Іэщ1 пхъэпкыфу, щыхуэ зыхуеннум хуэдизэ кьащэхуащ.

Зи Іуэхур апхуэдэу зэтеувэжа предприятэм иджыпсту егъэлажьэ щІыкІэ 20. Апхуэдизэ дыдэм дызытехьа 2008 гъэм иджыри Іэнатіэ иритыфыну мэгугъэ. Аэр кьащтэнущ ґъатхэ-гъэмахуэ губгъуэ гъэжьыгьэхэм щІадза ноужь. Лэжьакіуэхэм зэрыжиІамкІэ, адрей мэкъумэш хозяйствэхэм ельытауэ, я улахуэр фІыуэ нэ хьиніц. Куэшмэным зэрыжиІамкІэ, щІыгъэпшэрэхэм ґъавэбэв кьозыт жьалапхъэхэмкІэ зызэрагъэпэщауэ ґъатхэм теухьэну я мурадщ. Мы гъэм я гугъэщ Іусыпхъэу кьагъэсэбэпыну хьэпщІийр, хьэр, нартыхур нэхъыбэу хасэну.

ЛЪОСТЭН Муэз.

●Тхылъыщ1э

Джырандокъуэ лъэпкъыр

АДЫГЭ унагъэщІэхэр зезыхьэ лъэпкъхэм теухуа литературэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Ирджыблагъэ Налшык дэт «Эль-Фа» тхыль тедзапІэм къыдигъэкІащ Джырандокъуэ лъэпкъым и тхыдэм, и цІыху пэрытхэм, абыхэм ди щІыналъэм и зыужьыныгьэм хуащІа хэлъхьэныгьэхэм тепсэльыхь тхыдэ пІащэр, Джырандокъуэ Хьэмзэт и къуэ Михаилрэ абы ипхъу Зэремэрэ я кьалэмыпІэ кьыщІэкІар.

Авторхэм белджылы кьызэращІамкІэ, Джырандокъуэхэ лъэпкъыжьыщ, уэрхъэм ящыщу, пщІыпхъу яІэу къэтъэгурыкІуащ, адыгэхэм я фэм джІа гугъуехьхэр ягъэващ, кьэхъугъэ куэдым фІыкІэ я цІэхэр щагъэІуащ.

Тхылъым къыщыдощІэ Джырандокъуэхэ «ЛъабжьэфІи» «КъуэдамэІ» узыщІэхэри ЗэраІэр, лъэпкъым щыщ кІэдыр мы зэманым хамэ къэралхэм (Тыркуэм, Иорданием, Сирием, Германием, США-м, нэгъуэщІхэм) зэрыщыпсэур, ди республикэм къыщыхъуэхэм. Іэнатіэ зэмылІэужьыныгьэхэм пэрытхэм щытхъуфІ къэзылэжьа куэд зэрахэтыр, щІалэгъуал

Къабардей-Бынатыхэм я щалжат

Тхыдэм щыхьэт эзрытехьэмкІэ, гъунэгу лъэпкъхэм я дежкІэ къэбэрдейхэр сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэу къэгъуэгурыкІуащ - хабзэкІэ, псэуалъэкІэ, Іэщэ-фащэкІэ, зэуэкІэкІэ, Щыхь гъэсан, папщІэ кІуркъыхэм жаІэу щытащ: «Адыгэ хуэдэщ», «Адыгэм хуэдэу хахуэщ» - апхуэдэ псалъэ кІадогъуэгурыкІуэ щэщэнхэм. Адыгэр, псалъэм папщІэ, къэбэрдейр, зэрыхахуэм, зэрызауэлІ щхьэмыгъазэм щІэх дыдэ щыгъуазэ хЬуауэ щытащ Кавказ ГІщхьэрэпэ Темрыкьуэ и зэманым щыщІэдзауэ псэуплІэ зыхуэхьуэ тэрч къэзакъэр. Гъунэгу зэхуэхьуэ нэхъ ужь, къэбэрдейхэмрэ къэзакъэмрэ яку благъагъэ кІыдэхьуащ, щызэщыІей къэхъуаеи, мамыру зэдэпсэуащ.

ГЪУНЭГЪУ зыхуэхьуа къэбэрдейхэм щапхъэ трамыкынкІэ Іэмал яІакъым Тэрч къэзакъхэм. Дыззэрыщыгъуазэщи, яп экъэзакъ жылагъуэхэм псэуплІэ яхуэхьар Къэбэрдей щыналъэрщ, Урысейм и гъунапкъэхэр зэрыпхъуакІуэхэм щахъумэн кьалэнщ абыхэм я пщэ дэльар. Урысейм и гъунапкъэхэр яхъумэн хуеІуэ кьалэн зыщащІа къэзакъэр гъунэгу къаззрыхуэхьуам и фІыгъэкІэ Къэбэрдейм и псэм кьещэ бийхэм я льэр нэхь убыда зэрыхьуар гурыІуэгъуэщ. Къэзакъэмрэ къэбэрдейхэмрэ гъуэ зэхуэхьуурэ, зэдэпсэурэ, гъэзэуанэ жьжькъэ зэдытехьэурэ яхуэзэфІэкІ псори зэдалэжьащ, Урысейри Къэбэрдейри бийхэм - тыркуэ-жь, къэжэрхэм, кьрым-тэтэрхэм щахъумэн папщІэ. Абы хэтурэ, къэзакъэр щІэх дыдэ щыгъуазэ хуэщ къэбэрдейхэр зэрыщу щхьэмыгъазэм, я Іэщэкіи я фащэкіи зауэм хэущІауэ зэрыщытым. Абы кьыхэкІкІэ, къэбэрдей зауэлІхэм адыгэ зауэлІым и Іэщэкіэ зыззэщІауэдащ , кьаМэрэ адыгэ сэщІкуэрэзыІ. Адыгэ зэрыгъуэ зэрыпсынщІагъуэрщ, - кьамэрэ сэщхуэмрэ псынщІагъуэ, уриззэуенкІэ Іэрыхуэт. Кьамэмрэ сэщхуэмрэ нэмыщІ, адыгэ шууейхэм ящэлІейуэрэ, къэзакъэм зауэдащ бгыркІ фоч псынщІагъуэрэ фокІэщІрэкІэ. Къзакъэм адыгэхэм я деж кьащащта кьамэрэ, сэшхуэрэ, фочрэ, фокІэщІрэ зэхэтуэ драгунхэм; зэрахь фочхэм хуэдэ зым нэхьрэ зэрыпхъхь хьэлъэщыІэтэкъым.

Адыгэ Іэщэ-фащэм и закъуэкъым къэзакъхэм кьащІар - я уанэ хьлъэхэр ІэщІыб ящІри, адыгэ уанэ псынщІэхэр тралъхь хуьащ яшхэм; шхуэрэ, нахьутэрэ, бгъэрыщІэрэ, джэрыщІэрэ, льэрыгъри кьаГъэсэкІуу щІадзащ. Адыгэ уанэр Урысейм щэрыІуэ зэрыщыхьуам щыхьэт тохьуэ ди деж кьэса урыс уэрэд куэд.

Генерал Филипсон зэрытхыгъакІэ, «шэрджэс Іэщэ-фащэкІэ зэщІэуэзэда, адыгэ-шым тес къэзакъыр адыгэм кьыз зэрыщІхьэщыкІ щыІэтэкъым: шэрджэс хуэдэ шууейт, хахуэт, щхьэмыГъаазэт, Бийм ебгъэрыкІуаеу, ар игъэгу-жьеин щхьэкІэ, шэр трикІутэрт, фочымрэ фокІэщІымрэ иуэщІа нэужь, сэшхуэр кьрпІхьуэтыртэ, бийм ебгъэрыкІуэрт». Апхуэдэ зэуэкІэм къэзакъэр зыщеджар адыгэхэм я дежщ.

Къэбэрдей зауэлІ. 1836 гъэ. *Сурэтыр* ГАГАРИН Григорий *ящІащ.*

Си лъэпкъыр

Сотъагъур пщІыхьэпІэ, пщІыхьэпІэ шынагъуэ,
Си щІыфэр дзтхьатхуэ, кьыстехьэу техьэгъуэ...
КІыфІ Іувым кьыхохІри,
кьыхохьэ си пщІыхьым
Алъп шу абрагъуэрн, кьоувэ си пащхьэм.
Сышынэу соупщІри: «Уэ хэтхэ уарей?»
Нэщхьейуэ кьызоптыыр: «Сэращ Къэбэрдейр...»

ЙокІуэтыр си шынэр, Іэнкуныр сІэщІоху:
Адыгэм кьыпэпльэр си нэгу кьыщІыхьэху,
Сегупсысыкъу адыгэгур щІэгъызым,
И напэм, и щІыхьым кьапэпльэ пщэдейм,
ГъэмыкІыу, гузасэу си гущІэм зехуэ.
СоупщІыр аргуэру: «Уэрэ Къэбэрдейр?
Кавказым и пэГъу нджыри кьэсар,
Щхьэхунту, мышынэу щІым тету есар?»
Аргуэру нэщхьейуэ: «Сэращ Къэбэрдейр...»

- Уи гъащІэ нэхур, Къэбэрдей,
Уи дъагъуныгъэр, гъыщІэж джатэр,
Хабзэфі хэтьахэр пасэрейм,
Уи лІыгъэр дэнэкІэ щыхэтыр?

Уи уэрэдыжьхэр, уи нарт лІыгъэр,
Нэпс гуащІэу напІэр щІэзыскІыр,
ЩІалэгъуэ хъыжьэм и Іэлыгъэр
Дебгъэдзэжакъэ хьэрэкъуакІэ?

Бэвыгъэр зи нэщэнэ хьэсэр,
Уи къуршыпс уэрэху кьыпхуэІэсэр,
Губгъуэщхуэм хуиту щІкъухьа
ХэкІуапщІэ куэдыр дэнэ пхьа?

Адыгэм кьыддаатьхуа зышыІэр,
Пхэтьа Іущыгъэр дэнэ щыІэ?
Кьыззэтена иджы ди хабзэр:
Нэхъыжьым, хьэщІэм хуэтщІ нэмысыр?

Щыхэтыр дэнэ лІым и псалъэр,
Зэкъуэшыныгъэ щапхъэ пщалъэр,
ЩыгъупІастэм и пщІэр яГъэнну
Хьуэхьу дахэр щыІу адыгэ Іэнэр?

А псори мы дуней емынэм
Нужьыгуу, гум щыженжа,
Уи фІэщ мыхъужу уи кьэкІуэнур,
Мы гъащІэм укьыхэнэжа?

ПльэкІыну, тхыдэм птель и щІыхуэм,
Зыпхъуэмыйэту, плІэр нухуэу,
КьыхэмыщтыкІыу уи гур, уи псэр
Иджы зепхэну адыгэцІэр?

... Губжьауэ шу уардэм жэуап кьызиндзар
Блэ фІыцІэ шэрэзу си гущхьэм пхидзащ.
Арщхьэкіэ зГъуэтыжщ дэрэжьагъуэ щІэрыщІи,
Мы си гум кьеуэн щІидзэжащ мащІэ-мащІэу;

Сабийуэ псэ махэ, щхьэ уи гум ихуа
Си лъэпкъым игъащІэм псэукІэу иІар?
Щхьэ унгу Іэщізхуа зыхьъумэжьм зи хэжур
Ахърэтым кьыщожьэ жэнэтым и жьгур.

Сыт щыгъуэн мы псалъэхэр уи гум игъэтІ,
А псалъэхэр ныпу лІыхъужьым Іэщізэтщ:
«Шууейм и нэмысыр, и щІыхьыр зыІэтыр
И Хэку кьнхьа бийм иращІэкІ кьэзэуатырщ».

ДАУТОКЪУЭ Заурбэч.
1913 гъэ.
Зэзыдзэкіар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Дзэпщ хахуэ Къасболэт и гъуэгуанэ

● Адыгэпщ лІыхъужьхэр

Урысейм и тхыдэм лъэужьыщхуэ кьыхинащ Черкасский Къасболэт. Ар кьышалъхуа гъэр белджьылыкІэм, «Кабардино-русские отношения» тхыльым зэритымкІэ, 1651 гъэм Къасболэт хэтащ кърым хъаным и дзэр Къэбэрдейм кьыщытеуам щыгъуэ Сунжэ псым и Іуфэм щекІуэкІа зауэм. И адэм, Мацал, щІыгъуу, Къасболэт 1648 гъэм Мэзкуу щытащ, урыс пащтыхым иригъэблагъэри. А зэманым ар ЛІыпІэ иуваэ зэрыщытам щэч хэлъкъым. 1682 гъэм и ужькІэ Къасболэт и хъыбар урыс тхыдэм кьыхэхуэжьыркъым - а гъэм ЛІагъэнущ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ.

И адэр дунейм ехыжа нэужь, Къасболэт Тэрч кьалэм и дзэпщ хъуащ, абы кьеІуа адыгэ, бгырыс жылагъуэхэр ІэщІэльащ. Урысейм и пащтыхым и лъэІукІэ, адыгэ шуудзэ иришакьэурэ, Къасболэт зауэ куэдым хэхуащ, Урысейм и дзэпщ нэхъ зэрызехьэ дыдэхэм ящыщ зы хъуащ.

Черкасский Къасболэт и хъыбар куэд ушрохьэлІэ «Кабардино-русские отношения в XVI-XVIII вв.» тхыльым.

УРЫСЕЙ пащтыхь Алексей Михайлович 1661 гъэм фокІадэ мазэм Тэрч кьалэ дэс дзэпщ Черкский Къасболэт Мацал и къуэм тхыльэ кьритауэ щытащ а кьалэм и Іэшэльашэм иС ящэрдей, бгырыс жылагъуэхэм я Іэтащхьэ ар зэрищІам теухуауэ. Пащтыхьым Къасболэт апхуэдэ дзыхь кьриГъэзэныр кьызыхэкІар абы и адэшхуэ Сэнджелей, и адэ Мацал, и адэ къуэш Щолэхъу сымэ Урысейм и пащтхьм щалъ фІыщІэрщ; щыри щыІэ-рыІуэщ Урысейми Къэбэрдейми я тхыдэм, Тэрч кьалэ (Тэрч псыр Хъэзэр тенджызым щыхэхуэм дежи) дэсащ, абы и Іуэнэгъу къэбэрдей, бгырыс жылагъуэхэм я унафэр яІэщІэльэу, дзэ яГъэшэсуэрэ Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я гъунапкъэхэр, ахэр зэрыпхъуакІуэхэм щахъумэу. Арат урыс пащтыхьыр Мацал и къуэ Къасболэтри кьызэрыщыгуГъар. А дзыхьыр игъэпэжащ Черкасский Къасболэт, абы щыхьэт тохьуэ дзэпщ щІэрыщІ и гъащІэри и ІуэхущІафэхэри.

ПАЩТЫХЬ Алексей Михайлович 1668 гъэм шыщхьэІу мазэм Тэрч кьалэм и дзэпщ Черкасский Къасболэт и пщэ кьыдильхьащ а кьалэр иГъэІэпхъуэн, псым адрыщІкІэ кьалэщІэ щиухуэн хуейуэ. Абы папщІэ Къасболэт пащтыхьым кьигъэГъуащ пхьащІэщэ; щыри щыІэ-Іэпщ1эльэпащІэхэр кьыхуигъэкІуэну - ахэр кьикІын хуейт Мэзкуу, Къэзан, Астрэхьан. Кьалэр яГъэІэпхъуэн хуей щІэхьэм и щхьэусыгъуэр абы псыр кьызэрыщІкІуэрт. Къасболэт унафэ кьыхуащІащ хъунщІакІуи дыгъуакІуи зэмызэгъэнкІ кьалэщІэ Тэрч Іуфэ ІуищІыхьхьэн хуейуэ. КьаГъи дзэ урысыдзэмрэ Къасболэт и къэбэрдей щапхъэ зыхуэхьуар

Пщы, дзэзешэ, дипломат Черкасскэ Мацал и къуэ Къасболэт. *(2 - 1681 гъэ.)*

адыгэ зауэлІым и Іэщэкіэ зыззэщІауэдащ , кьамэрэ адыгэ сэщІкуэрэзыІ. Адыгэ зэрыгъуэ зэрыпсынщІагъуэрщ, - кьамэрэ сэщхуэмрэ псынщІагъуэт, уриззэуенкІэ Іэрыхуэт. Кьамэмрэ сэщхуэмрэ я нэмыщІ, адыгэ шууейхэм ящэлІейуэрэ, кьэзакъэм зауэдащ бгырыс фоч псынщІагъуэрэ фокІэщІрэкІэ. Къзакъэм адыгэхэм я деж кьащащта кьамэрэ, сэшхуэрэ, фочрэ, фокІэщІрэ зэхэтуэ драгунхэм; зэрахь фочхэм хуэдэ зым нэхьрэ зэрыпхъхь хьэлъэщыІэтэкъым.

Адыгэ Іэщэ-фащэм и закъуэкъым къэзакъхэм кьащІар - я уанэ хьлъэхэр ІэщІыб ящІри, адыгэ уанэ псынщІэхэр тралъхь хуьащ яшхэм; шхуэрэ, нахьутэрэ, бгъэрыщІэрэ, джэрыщІэрэ, льэрыгъри кьаГъэсэкІуу щІадзащ. Адыгэ уанэр Урысейм щэрыІуэ зэрыщыхьуам щыхьэт тохьуэ ди деж кьэса урыс уэрэд куэд.

Генерал Филипсон зэрытхыгъакІэ, «шэрджэс Іэщэ-фащэкІэ зэщІэуэзэда, адыгэ-шым тес къэзакъыр адыгэм кьыз зэрыщІхьэщыкІ щыІэтэкъым: шэрджэс хуэдэ шууейт, хахуэт, щхьэмыГъаазэт, Бийм ебгъэрыкІуаеу, ар игъэгу-жьеин щхьэкІэ, шэр трикІутэрт, фочымрэ фокІэщІымрэ иуэщІа нэужь, сэшхуэр кьрпІхьуэтыртэ, бийм ебгъэрыкІуэрт». Апхуэдэ зэуэкІэм къэзакъэр зыщеджар адыгэхэм я дежщ.

Къэбэрдей зауэлІ. 1836 гъэ. *Сурэтыр* ГАГАРИН Григорий *ящІащ.*

Си лъэпкъыр

Сотъагъур пщІыхьэпІэ, пщІыхьэпІэ шынагъуэ,
Си щІыфэр дзтхьатхуэ, кьыстехьэу техьэгъуэ...
КІыфІ Іувым кьыхохІри,
кьыхохьэ си пщІыхьым
Алъп шу абрагъуэрн, кьоувэ си пащхьэм.
Сышынэу соупщІри: «Уэ хэтхэ уарей?»
Нэщхьейуэ кьызоптыыр: «Сэращ Къэбэрдейр...»

ЙокІуэтыр си шынэр, Іэнкуныр сІэщІоху:
Адыгэм кьыпэпльэр си нэгу кьыщІыхьэху,
Сегупсысыкъу адыгэгур щІэгъызым,
И напэм, и щІыхьым кьапэпльэ пщэдейм,
ГъэмыкІыу, гузасэу си гущІэм зехуэ.
СоупщІыр аргуэру: «Уэрэ Къэбэрдейр?
Кавказым и пэГъу нджыри кьэсар,
Щхьэхунту, мышынэу щІым тету есар?»
Аргуэру нэщхьейуэ: «Сэращ Къэбэрдейр...»

- Уи гъащІэ нэхур, Къэбэрдей,
Уи дъагъуныгъэр, гъыщІэж джатэр,
Хабзэфі хэтьахэр пасэрейм,
Уи лІыгъэр дэнэкІэ щыхэтыр?

Уи уэрэдыжьхэр, уи нарт лІыгъэр,
Нэпс гуащІэу напІэр щІэзыскІыр,
ЩІалэгъуэ хъыжьэм и Іэлыгъэр
Дебгъэдзэжакъэ хьэрэкъуакІэ?

Бэвыгъэр зи нэщэнэ хьэсэр,
Уи къуршыпс уэрэху кьыпхуэІэсэр,
Губгъуэщхуэм хуиту щІкъухьа
ХэкІуапщІэ куэдыр дэнэ пхьа?

Адыгэм кьыддаатьхуа зышыІэр,
Пхэтьа Іущыгъэр дэнэ щыІэ?
Кьыззэтена иджы ди хабзэр:
Нэхъыжьым, хьэщІэм хуэтщІ нэмысыр?

Щыхэтыр дэнэ лІым и псалъэр,
Зэкъуэшыныгъэ щапхъэ пщалъэр,
ЩыгъупІастэм и пщІэр яГъэнну
Хьуэхьу дахэр щыІу адыгэ Іэнэр?

А псори мы дуней емынэм
Нужьыгуу, гум щыженжа,
Уи фІэщ мыхъужу уи кьэкІуэнур,
Мы гъащІэм укьыхэнэжа?

ПльэкІыну, тхыдэм птель и щІыхуэм,
Зыпхъуэмыйэту, плІэр нухуэу,
КьыхэмыщтыкІыу уи гур, уи псэр
Иджы зепхэну адыгэцІэр?

... Губжьауэ шу уардэм жэуап кьызиндзар
Блэ фІыцІэ шэрэзу си гущхьэм пхидзащ.
Арщхьэкіэ зГъуэтыжщ дэрэжьагъуэ щІэрыщІи,
Мы си гум кьеуэн щІидзэжащ мащІэ-мащІэу;

Сабийуэ псэ махэ, щхьэ уи гум ихуа
Си лъэпкъым игъащІэм псэукІэу иІар?
Щхьэ унгу Іэщізхуа зыхьъумэжьм зи хэжур
Ахърэтым кьыщожьэ жэнэтым и жьгур.

Сыт щыгъуэн мы псалъэхэр уи гум игъэтІ,
А псалъэхэр ныпу лІыхъужьым Іэщізэтщ:
«Шууейм и нэмысыр, и щІыхьыр зыІэтыр
И Хэку кьнхьа бийм иращІэкІ кьэзэуатырщ».

ДАУТОКЪУЭ Заурбэч.
1913 гъэ.
Зэзыдзэкіар УЭРЭЗЕЙ Афликщ.

● ГукъэкІыжхэр

Нарт хъыбархэр дотхыж

ЩІЭНЫГЪЭ-кьэхутакІуэ институтым сыщыІалажьэрт. Пщэдджыжьым лэжьапІэм сыщІыхьэри, стІолым сыбгъэдэтІысхьа къудейуэ, ди унафэщІ Бэрычэт Хьэжмар кьыхэджащ. «УпщІ къуджэмэ, псынщІэу жэ» жыхуаІэрати, сыкІуащ. Сыщыхьэмэ, балъкъэр ІуэрыпуатэмкІэ къудамэм и унафэщІ Холаев Азрэт унафэщІым дежь щІэсщ.

- Азрэт Щэджэмыщхьэ лІыжькІ гурым деж нарт хъыбархэр щитхьн хуейщи, магнитофоныр хуэмыгъэлажьэу жеІэ. КъомыхьэлъэкІыу и гъусэу кІуэн, тхьэмадэм жиІэр магнитофоным трегьатхэ.

Сэ Щэджэмыщхьэ зэн сыщыІатэкъымри, сльагъумэ сфІэфІу арэзы сыхъуащ, сурэттехи ди гъусэу дежьащ.

Къуэлэджэм дыдыхэри, бгъажь абрагъуэхэм я зэхуэдиІ дыдэту дыдыкІуэрэ, Щэджэм псы кьелъэхэм дахьыхащ. Абыхэм я дахагъэр зэрыпхуэІуэтэн щыІэтэкъым. ИтІанэ Щэджэмыщхьэ дынэсащ.

- Моращ Къайсын кьыщалъхуа щІыпІэр! - сигъэльэгъуащ Азрэт.

Адэр жьыжьэу щыт кьурш дзакІэжьхэр Іэкіэ ящІам хуэдэу зэхэтщ.

- Абы дыбгъакІуэрэ сурэт тедбгъэхамэ арат, - сольаІуэ сэ.

- Ар жьыжьащ, апхуэдэ зэман диІэжьм, - кьыщет жиІаи Азрэт.

Щэджэмыпсым и Іуфэм дыІуту дыдожей. Сэ си нэр техуащ псы Іуфэм Іуль мывэ абрагъуэр и зэхуэдитІым хуэзэу гъуанэу зэрыпхъыдам.

Машинэр къезгъэгъуэныІэри, мывэм сыбгъэдэхьащ. Абрэмывэр и курыкупсэм хуэзэу гъуанэт, Іэблэр ихуэн хуэдэу. «Мыр сыту гъэщІэгъуэныщ». Дауэ ПхаІуа метрэ ныкъуэрэ хуэдизым зи Іуваръ мывэр?» - жысІэу сыздегупсысым, щыдыгукІэ къех лІыжьк гуэр кьэувыІащ.

- Тхьэмадэ махуэ хьун, мы мывэр зищІысыр сыт? - сыщІэупщІащ сэ.

- Мыр зи лІым епщІыжа, е щІэпхъуа цІыхубзыр зыкІэрапхэу щыта мывэщ. Мывэм кІэрапхэрти, мы гъуэгумкІэ бзэкІ цІыхухэм пунэпат ирахьу махуэщкІэ кІэрагъэтт.

Мывэм сеІусащ. ГъуэгумкІэ гъэза лъэныкъуэр цІууэ техьукІат. Абы сурэт трыдиГъэхьну Азрэт сельэІуа щхьэкІэ, кьыхсхундакъым.

Ауэрэ иджыри зы бгы гуэрым дыдэкІри, дыдэжкІуэ лІыжьым деж дынэсащ. Хуабжьу нэщхьыфІэу дригъэблэгъащ лІыжьым. НысащІэ цІыхуэ иІэти, дыдэгъэзэкІ «фыкьеблагъэ» кьыджиІащ. Азрэт магнитофоныр кьрихьну машинэмкІэ игъэзэжат.

- Уадыгэ уэ, - сеупщІащ нысащІэм.

- Сыадыгэщ, - кьызитащ жэуап.

- АтІэ зы адыгэ щІалэ бгъуэтэкъэ, балъкъэр укьыдэмыкІуэмэ? - соупщІ бзыльхугъэм.

НысащІэм жэуап кьызимыту, лІыжьыр кьэпсалъэри:

- Балъкъэрхэр сыткІэ дынэхьыкІэ, щІалэ, - зыкьыхсхунгъэщ адыгэбзэ кьабзэкІэ.

- Сэ фынэхьыкІэу жьсІэрэкъым, мыбы нэс укьыдэмыкІуэу, адыгэ бгъэтыртэкъэ, кьизгъэкІаУэ аркъудейщ, - пэздзыжащ зызэздзэкІыжри.

ЛІыжьым зыри жиІакъым. Абы хэту Азрэт магнитофоныр кьыщІихьэри, стІолым тригъэуващ. Сэ ар зэтезэхуэри, Холаевыр лІыжьым епсэльэн щІидзащ. Бысымым макьамэ щІэмыту, псалъэ защІэкІэ Сосрыкъуэ и пшынальэр жиІащ. Щнухым, Азрэт сельэІуащ щызэригъэщІамкІэ тхьэмадэм еупщІыну.

Арцхьэкіэ, лІыжьыр адыгэбзэкІэ кьэпсэльащ: -Уэлэхьи, сынеиуэ ХьэтіохъущІокъуэхэ я хьэщІэщым щызэгъэщІакІэ, щІалэ», - жиІэри.

Холаевыр лІыжьым еупщІащ, адыгэбзэкІэ кьызжиІар зригъэщІэну хуейуэ. ЖэпІэпІэ зэрыщэхыхьу, кьыхэщІэуфыщІэри, нэхъыжьым ешхыдэу хуежьащ. Мыдрей тхьэмыщкІэр адыгэбзэкІэ кьэпсатъэри:

- Тхьэ дыгъэІэ, жьэ мыгъуэ дипсэтыжкІакІэ. Мыбы сещхьыр, ауэ сэ пэжыр жьсІаеу аращ.

- УмыгъэмщІ, тхьэмадэ, пэжыр нэхъыфІщ, - пэздзыжащ сэ.

- Уэ уи Іуэху кьыхьымыльхьэ, сэращ зытхуну кьэкІуар. Уэ магнитофоныр бгъэлэжьэну аращ уи кьулыкъур, - кьыстегуэуащ Азрэт.

ЛІыжьым зыри жиІакъым, жу, зызэрирагъапщхьэри тІысыжащ.

- ЖьІэ иджыри пщІэуэ хъуар, - лъаГъэрт Холаевыр, фы зыкьыришэжауэ. Ауэ лІыжьым жиІэри игъэтІысащ кьым. Абы щыгъуэ адыгэбзэкІэ сыкьэпсалъэри, ищІэу хъуар иригъэтхьну сельэІуащ, кьэрал Іуэху зэрызетхуэр кьыхэзгъэщІ.

- АтІэ зы адыгэ щІалэ бгъуэтэкъэ, балъкъэр укьыдэмыкІуэмэ? - соупщІ бзыльхугъэм.

НысащІэм жэуап кьызимыту, лІыжьыр кьэпсалъэри:

- Балъкъэрхэр сыткІэ дынэхьыкІэ, щІалэ, - зыкьыхсхунгъэщ адыгэбзэ кьабзэкІэ.

- Сэ фынэхьыкІэу жьсІэрэкъым, мыбы нэс укьыдэмыкІуэу, адыгэ бгъэтыртэкъэ, кьизгъэкІаУэ аркъудейщ, - пэздзыжащ зызэздзэкІыжри.

ЛІыжьым зыри жиІакъым. Абы хэту Азрэт магнитофоныр кьыщІихьэри, стІолым тригъэуващ. Сэ ар зэтезэхуэри, Холаевыр лІыжьым епсэльэн щІидзащ. Бысымым макьамэ щІэмыту, псалъэ защІэкІэ Сосрыкъуэ и пшынальэр жиІащ. Щнухым, Азрэт сельэІуащ щызэригъэщІамкІэ тхьэмадэм еупщІыну.

Арцхьэкіэ, лІыжьыр адыгэбзэкІэ кьэпсэльащ: -Уэлэхьи, сынеиуэ Хьэтіохъущ1окъуэхэ я хьэщІэщым щызэгъэщІакІэ, щІалэ», - жиІэри.

Холаевыр лІыжьым еупщІащ, адыгэбзэкІэ кьызжиІар зригъэщІэну хуейуэ. ЖэпІэпІэ зэрыщэхыхьу, кьыхэщІэуфыщІэри, нэхъыжьым ешхыдэу хуежьащ. Мыдрей тхьэмыщкІэр адыгэбзэкІэ кьэпсатъэри:

- Тхьэ дыгъэІэ, жьэ мыгъуэ дипсэтыжкІакІэ. Мыбы сещхьыр, ауэ сэ пэжыр жьсІаеу аращ.

- УмыгъэмщІ, тхьэмадэ, пэжыр нэхъыфІщ, - пэздзыжащ сэ.

- Уэ уи Іуэху кьыхьымыльхьэ, сэращ зытхуну кьэкІуар. Уэ магнитофоныр бгъэлэжьэну аращ уи кьулыкъур, - кьыстегуэуащ Азрэт.

ЛІыжьым зыри жиІакъым, жу, зызэрирагъапщхьэри тІысыжащ.

- ЖьІэ иджыри пщІэуэ хъуар, - лъаГъэрт Холаевыр, фы зыкьыришэжауэ. Ауэ лІыжьым жиІэри игъэтІысащ кьым. Абы щыгъуэ адыгэбзэкІэ сыкьэпсалъэри, ищІэу хъуар иригъэтхьну сельэІуащ, кьэрал Іуэху зэрызетхуэр кьыхэзгъэщІ.

- АлІыхьым и щІкІэ соІуэ, а езгъэтхри езмыгъэтхынт, ауэ, Зырамыку, уи хьэтІыркІэ жесІэнщ, - жиІэри уэрэд зыкьомрэ хъыбархэмрэ иригъэтхащ, сурэти тетхащ.

НысащІэ цІыкІэм лыцІыкІу лыбжьэрэ щІакхъуэрэ кьыхутригъэувэри, дигъэшхащ.

Арати, Азрэтрэ сэрэ дыззэмыпсальэу дыкъэкІуэжащ. Абы и ужькІэ зыкъом дэкІауэ, аргуэру Щэджэмыщхьэ дыкІэн хуей хуэщ. Дызыхуэзауэ щыта мывэм сурэт тесхьн щхьэкІэ, сурэттехи кьыздэсщтат, ауэ мывэр щыпльыжтэкъым. ЗызгъэкІэрахьэу абдежьым сыщытту, ятпэм сызрихьэлІа лІыжь дыдэм сызыззэжащ.

- Тхьэмадэ махуэ хъун, мыбдежьым щыІта мывэр дэнэ кІуа? - сеупщІащ абы.

- Нужь дыдэу а мывэм ирапхауэ щыта цІыхубзым и пэпкъыр зэхуэсри, мывэр псым хадзащ, - кьызитащ жэуап лІыжьым.

Ар кьыщыхьуар 1970 гъэрауэ сигутъэжащ.

НужькІэ, балъкъэрэр я нарт эпосыр кьыщыдагъэкІам, сопльри, абы щыгъуэ тетха сурэтыр итщ, ауэ сэ си сурэтыр гуэтыжкъым.

Ауэдэзэу щІащІамкІэ Азрэт сыщеупщІым: «Сэракъым гуэзыгъэжар, Хьэнэфийщ», - кьызжиІауэ щытащ.

КЪАРДЖГЪУЩІ Зырамыку.



Щэджэм псыкьелъэхэм деж. Холаев Азрэт, Кьардэнгъуэ Зырамыку, Ахкобеков Сэхьид сымэ ауэзым щыщапльыкъ.
Сурэтыр 1967 гъэм трахащ.

Гуэрыуатэ - дыщэ пхъуантэ

● ГушыІэхэр

Мыхъумышхэ

ЗЫІІ БЛЭКІЫРТИ, Хъуэжэ къэригъэблэгъащ: «ГъэгурыкІуащ, агъэшхэнщ», - жери.

Фызыр пщэфІатІэн, Іэнэ къаухигъэуващ. Хъуэжэ Іэрэ жьэрэ зэхуимыкъ щІыкІэ ЛІым Іэнэр иухъуэнщІащ. «Гъэгу тетащ, мэжэлІащ», - жиІащ Хъуэжэ игукІэ. Фызым еджащ:

- Іэнэм зыгуэр къытелъхьэ иджыри, - жери.

Іэнэм къыгралъхьа гуэрыр иригъэмэрэкІуэхащ лІым, Хъуэжэ и жьэр Іурыхуауэ щысуРэ.

- Ди хьэзыгІамэ, къэхь, - еджащ Хъуэжэ и фызым.

Фызым къахуихьа гуэрыр иригъэкІри, лІыр къэтэджыжащ.

- Дэнэ укІуэра, дэнэ укъикІра? - еупщІащ Хъуэжэ лІым.

- Іэзэ ззэгъэпІъынщ жысІэри сыкъэжьащ: мыхъумышхэ сыхъуащи, шхын сщыкІуэжьыркъым, - жиІащ лІым.

- Арэзыгъащ, - жиІащ Хъуэжэ, - ауэ къыщыбгъэззэжкІэ да унэм дисыныкъым: мэшых дыкІуэн ди гугъэщ.

Кхъуейм фыхокІыж

ХЬУЭЖЭ ззэзгым къикІыжри къуажэм дыхьэжащ. Бззэрыр къвехъуІатэкъыми, жыІэр къигъэпщэн мурад ищІащ Хъуэжэ. Уэрамыщхьэм лІы гуп щыззэхэти, ябгъэдыхьащ.

- Уэрамыщхьэм щхьэ фыщыззэхэт; къуэйм фыхокІыж, - жиІащ Хъуэжэ.

- Сыт къуэй?

- Псыр къири къущхьэхъур къикъуГауэ, къуэй кърехьэх.

Матэ къащтэри, цІыхур зэрехьэжьащ - ини цІыкІуи. Жьыпэр зэрехьэжьауэ щилъагъум, пщы зэрилъэр щыгъупщэжри, Хъуэжэ езыри кІэлъыежэжьащ:

- Кхъуейр зэрапхъуэнурэ сыхэкІыжынущ, - жери.

ЛІэужь

НАРТХЭМ я хъыбар щызэхихым, зыІІ ежьащ:

- Мыпхъидизрэ си хъыбар зэхэтхым сахьихьэнщи, ззэгъэлъагъунщ, - жери.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, лІыр фызитІ ирихьэлІащ.

- Мы шу цІыкІур дэнэ къикІа? - ягъэщІэгъащ фызитІым, зыр Іэбэри лІыр уанэгум къриащ, адрейм лІым и шыр иубыдри, лІыри шыри я унэ ящащ.

- Фриджэгу, - жари пщІантІэм дзт щІалэ цІыкІуэм лІымрэ шымрэ ираташ.

ЩІалэ цІыкІухэр лІымрэ шымрэ зыбжанэрэ ириджэгуауэ, унэм зы лІыжь набгъэ щІта, щІалэ цІыкІухэм я дыхьэшх макъ зэхихащ.

- Сыт ар? - жери щІэупщІащ лІыжьыр.

- Гъэугум зы шу цІыкІу щрихьэлІати, уи нысхэм кхьахащ,- жраІащ тхьэмадэм. - ЩІалэ цІыкІухэр ироджэгу.

- Ар хъурэ! - щхьэдащ лІыжьыр. - ХъэщІэр джэгуПІэ ящІ хабз? Сэт щыщми - зсьщІащ. Унэм къифшэ.

ЛІыр нарт тхьэмадэм дже ирашащ.

- Сынабгъэщи, усльагъуркъым, уцІыкІур пэж? - еупщІащ нарт тхьэмадэр лІым.

- ФэркІэ сыцІыкІуц, сыкъыздикІакІэ сыасльэнщ, - жиІащ лІым.

- Мыр вгъэхьэщІи, футІыпщыж, - учящэ ищІащ тхьэмадэм.

ЛІыр ягъэхьэщІэри яутІыпщащ. Я дежь щынэсыжым, къеуупщІащ:

- ПІльэгъуа нарт? - жари.

- Слъэгъуащ, - жиІащ лІым. - Нартым деплъытмэ, дз бадзэ дыхуэдизщ.

- Сэри сыкІуэнщи, ззэгъэлъагъунщ, - жери нэгуэщІ зыи шэсащ.

Нартхэ я мэшыпкъэм нэсауэ, зыр фызитІ ирихьэлІащ.

- Мыр зэрыщу цІыкІу! - жари ягъэщІэгъащ фызитІым. Зыр Іэбащ, шур уанэгум кърихину. Шур щІопщкІэ къыхуилъри, фызыр къыуигъэкІуэтащ, къащІэгубжьэри, фызитІри мэшыпкъэм къыхихуащ.

ФызитІыр щтауэ унэм ильэджажащ:

- Зы шу дрихьэлІати, марФэр къыуролъэлъ,- жари.

- Сыт и шыфэлІыфэ? - еупщІащ фызитІым.

- И шыкфэлІыфэкІэ нартыр жьпІэнкъым, къызидкІари зыщыщри ТхЬэм ищІэнщ, - жиІащ фызэхм.

- Фыпежьи, къевгъэблагъэ, - жиІащ нарт тхьэмадэм.

Шум пежьэри, кърагъэблэгъащ,

- УкъыздикІамкІэ сыт ущилІыгъэ? - еупщІащ тхьэмадэр хьэщІэм.

- СыкъыздикІам сэ нэхъ гуащІэмащІэ искъым, - жиІащ хьэщІэм.

- Уэ нэхъ гуащІэмащІэ зыхэмытыр гьунэгъу къытхэхъуамэ, нартхэрэ фэрэ лІыфІыгъуэ дыззэримыгъахъуэрэ дыззэрыухынущ, - жиІащ нарт тхьэмадэм.

Нарт тхьэмадэм и псалъэр пэж хъурри, нартым и ужь адыгэр къинащ. Аращ адыгэр нартым я лІэужьщ щыжаІэр.

Жэмыбгъэ

ЗЫІІ, ВИТЫР щІишІэри, бззэрым ежьащ, жэмыбгъэ иІэти, Іэр ищэн мурад ищІауэ. Жэмыбгъэм и бжьэм кІапсэ иридзэри, гум кІэрищІащ, езыр гублащхьэм дэтІысхьэжащ. ЗдэкІуэм псы икІын хуейти, жэмыбгъэри витІри псы иригъэфащ, и гъуэгу теувэжри, дзапэ уэрэд кхьхидзащ.

Мэзым къыхэтІысхьауэ, щІалэ бзаджитІ къеплъакІуэрт лІым.

- ВитІри жэмыбгъэри къыЗэщІэдгъэкІынщ, - жиІащ щІалэ бзаджитІым я зым.

- Дауэ къыгъэрыІэщІэдгъэкІынур? - жиІащ адрейм.

- КъызэрыІэщІэдгъэкІынуращ; жэмыбгъэр гум къыкІэрыгтІэтыкІынщи, уэ мэзым щІэпшэнщ, сэ выгум и ужь сиувэжынщи, адэкІи деплъынщ.

- Хьунщ, - жари зэгурыІауэ, загъэбгъунльэри жэмыбгъэр гум къыкІэратІэтыкІащ, зым ар мэзым щІишащ, адрейр гум и ужь иуащ.

Зыкъом дэкІауэ, лІыр къызэплъэкІащ. КъызэплъэкІмэ - жэмыбгъэм и пІэкІэ и ужь зы щІалэ итщ.

- Жэмыбгъэр дэнэ кІуа? - жиІащ лІым, витІыр кьигъэувыІэри.

- Сыт жэмыбгъэ? - и нэр кьиж зищІащ щІалэм.

- Гум ехпауэ къесшэжьа жэмыбгъэр?

- Жэмыбгъэ льэпкъ слъэгъуакъым, сэращ уи ужь итыр. Дзапэ уэрэдым сыдебгъэхьэхри, зыкъозэщІакъым - сыт щхьэкІэ зэрагъэшхуэ уэрэдыр?

- Псы езгъэфа къудейт, - жиІащ лІым.

- Псыкъуэм кьыдзбнауэ пІэрэ-тІэ? - жиІащ щІалэм.

- Арагъэнщ къысщыщІар, - жиІащ лІым. - Уэ, щІалэфІ, си витІым схуакІэлъыпІъ, сэ тезгъэзэнщи, жэмыбгъэр къэхъужынщ.

- СыздэпІащІэ щІэкІэкъым, витІми гуми сакІэльыпІъынщ ужьэсыжыкъу, - жиІащ щІалэм.

ЩІалэр гум къыбгъэщІэнри, лІыр псыхъуэм дыхьащ. ЩІалэ бзаджэр зэщэр арати, витІыр ихури, кІэбгъу зищІыжащ, гур гуэугум къытринэри. Жэмыбгъэр дзэ кьрихьыжьынт лІым - и щхьэр къыфІэхуауэ псыхъуэм кьыдэкІыжащ. Гум къыбгъэдыхьэжри, витІми хэкІыжауэ къыщІэкІащ.

Тыгъэ

Зы лІыжьэр зы фызыжьрэ гъэрыІуащ, зыпхъу закъуэ яІэу. Фызыжьыр лІэн щыхъум, лІыжьым жриІащ:

- Ди хъыджэбз щыкІыр къыпхуонэ, фызэ къэпшэжмэ, хъэсакъ, анэнэпІэсымэ нумыгъэшх.

Фызыжьыр лІэри зауІ дэкІауэ, лІыжьым къишэжьи хуей хъуащ. АнэнэпІэсымрэ хъыджэбз щыкІумрэ ззэзгъакъым.

- Уи пхъым сеззгъыркъым, унэм иху, - пиубыдащ фызэ бзаджэм лІыжьым.

Хъыджэбз щыкІур езыр икІащ унэм - и щхьэр ирихьэ жьэри екъащ. Гъэугу здытетым мэлыхьуэ лІыжь ирихьэлІащ.

- Дэнэ укІуэрэ, си хъыджэбз? - къеупщІащ мэлыхьуэ лІыжьыр.

- Си анэшым, - пщы иупсащ хъыджэбз щыкІыр.

- Си щхьэ закъуэ-си лъакъуитІщ, си хъыджэбз, схуэжьыщІэни схуздыжэни сиІэкъым. ТІэкІу усхуэжьыщІэрэ ззхуэдыжатэмэ, къыщыбгъэззэжкІэ сэри зыгуэркІэ сыщщхьэпэнт, - къыжриІащ мэлыхьуэ лІыжьым.

Гъэугум дидзыхри, мэлыхьуэ лІыжьым хуэжьыщІащ, хуэдыжащ хъыджэбз щыкІур, и гъэугу теувэжри екъэжащ. Екъэжауэ, жэмыхъуэ лІыжь ирихьэлІащ хъыджэбз щыкІур, абыи хуэжьыщІащ, хуздыжащ. Щыхъуэ лІыжь ирихьэлІати, абыи хуэжьыщІащ, хуэдыжащ хъыджэбз щыкІур.

И гъэугу техьэжауэ здэкІуэм, жэщ къытехъуащ хъыджэбз щыкІум. Щхьэгубжэ нэху щилъагъум, абыкІэ игъаэзри, зы унэ екІуэлащ. Унэм нэжьгъущІыдзэ щІэст.

БИЙР КЪЕЖЬЭРИ, зы жылэ къаувыхьащ. Бийм я дзэпщым жылэм я пщы тхьэмадэм хэыбар къриГъэщІащ: «Фыгсыжынущ, фысслІынущ, шыи быпыим къыфхуэзгъэнэнукъым, фи цІыхур схунурэ, пщылІ сщынщ. Абы фыхуэмеймэ, си пелуаныр къыздэсшащи, кьебэфэн къыдэвгъэкІ. Си пелуанымрэ фи пелуаныр ззэдгъэбэнынщи, си пелуаным фи пелуаныр къыпэльэщмэ, фи ужь сикІынщ. Си пелуаныр текІуэрэ - фэсщІэнур вжеслІащ».

Жылэм я пщы тхьэмадэр гупсысэгъуэ хэхуауэ пелуан иІэкъым - хэт бийм я пелуаным иригъэбэнынур? Бийм я пелуанр зэрамыщІэжщ, домбейщ. ПІальэу къаритари мазхуищщ. Пелуан ямыгъуэтурэ махуищщр кІуэмэ, жылэр бийм зэрипхъуэнущ.

Пщыр гупсысэгъуэ хэхуауэ унэм здисым, зы лІыжь жьакІэху кьихьащ.

- Си нэгу щІэкІащ сигу ябгъуэр къэжьыжащ, бжесІэнут, - бгъэдэпІыс ящІащ лІыжь жьакІэхур пщы тхьэмадэм. - Нэгьабэ бжьы хьэм щакІуэ сыкІуауэ сызрихьэлІаращ сигу къэкІыжар. Мэзым сыздыхэтщ, Іэуэльауэ макъ зэхэсхащ. Макъэр къыз дгІукІамкІэ сыкІуэтащ. Сыпльэмэ, зы щІалэ къуащІэ сольагъу, кІей жыгышхуэ евэлІауэ. «Мыбы ищІэм сеплъынщ», - жысІэри жыг къуагъым сыкьуэуэващ. КІей абрагъуэр кьиГъэуащ щІалэм. КІейр апхъэдизкІэ инт, Іэумыщэтн, кьуэм выплІэпкъкІи кхьпхуэдэльэфынутэкъым. КІейр къигъауэщ, пхъэльэфынэ иридзэщ, кІапсэ иришІэри, кІейр кьуэм кьыдильэфащ щІалэм. «Мыр хэт щыщми, ззэгъэщІэнщІ» - жысІэри щІалэ къуащІэм и ужь сиуващ. И ужь итуРэ сыкІэльыкІуащ, щІалэр я жылэ дыхьэжьыху. Зыдыхьэжа пщІантІэри ззэгъэльэгъуащ.

- КьыпхуэцІыхуужьи? – еупщІащ пщыр лІыжьым.

- КьыскъуэщІыхуужьщ. ДыкІуэн пфІЭигъуэмэ, усшэфынущ, - жиІащ лІыжьым.

Абырэ нэгъуэщІ зы лІыжьрэ зыщІигъури, пщыр я ГъэнэгъуІ жылэм кІуащ. ЛІыжьым кьригъэльэгъуа пщІантІэм дыхьащ пщыр. Зы ныеуэ нэмрэ кьыщІэкІри, кьапежьащ:

- Фыкъеблагъэ, - жери.

- Деблэгъэнущ, - жиІащ пщым. - Араущ дыкъыщІэкІуар.

Пщымрэ лІыжьымрэ хьэщІэщым иришэри, нуэр яхуэпщэфІащ. Ныуэр абы хэтурэ, пщІантІэм зы щІалэ кьыззрыдыхьэжар яльэгъуащ хьэщІэщым ис пщымрэ лІыжьитІымрэ. ШыфІЭдзапІэм шищ бгъэдэттри, щІалэм кьищІэнтэкъэ хьэщІэ зэрисыр. ЩІалэр ныуэм и кІуэрати, и анэм деж щІыхьэри, еупщІащ:

- Хэт ди хьэщІэр? - жери.

- Ди хьэщІэр сэ дэнэ щысщІэн: Іэнэр хьэ́ащ хуащи, ягъэхьи ябгъэдэс, - жиІащ щІалэм и анэм.

Іэнэ ихьри, щІалэр хьэщІэхэм ябгъэдэсащ. Іэнэр хьэщІэщым ирахьжа нэужь, пщым жиІащ:

- ШынэхьщІэ, хьэщІэр щхэмэ, бжэм ябгъэдэсащ, - жиІащ щІалэм. Дыбгъэтхъащ, фри ерыскъыр убагъуэ. ІуэхукІэ дыкъэкІуащи, уи анэр кьытхэпшамэ, ди гуапэ хэунут.

- Дэгъуэкъэ-тІэ, - жиІащ щІалэм, и анэр хьэщІэхэм кьахэщащ.

- Ди анэ, - жиІащ пщым, - дыкъызыкІэлъыкІуар уи щІалэрэщ. Уи щІалэм и ЛІыгъэм дыщыгъуаэзщ. Гуэзвэгъуэ дыхэхуащи, уи щІалэм дыкъыхишафынущ гуэзвэгъуэм, - жери я Іуэху зытетыр щІалэм и анэм жриІащ пщым.

- ЩІалэм апхуэдэ лІыгъэ къыкъуэкІынымки, сщІэркъым, - жиІащ ныуэм. - Сэ-бэп хъунумэ, нрекІуэ. СызэрывэлъэІунур зыщ: псэууэ къыскъуэфщэж щІалэр - а зыращ сэ сиІэр, и адэри щхьэщытыжкъым.

- Псэууэ къыпхуэсщэжынкІэ псалъэ узот, - жиІащ пщым.

ЩІалэр къызыщІагъури, пщымрэ лІыжьитІымрэ я жылэ кьэжІужащ. Жылэр бийм къызэраувыхьащи, гуэзвэгъэгъуэ ятельщ, я пщы тхьэмадэмрэ лІыжьитІымрэ къыщысыжьымут поплъэри ззэхэтщ.

Махуищ пІалъэр щикІым, бийм я дзэпщым къиІуэхуащ:

- ПІальэр иКІащ, ди пелуаныр нобэ кьыдэвмышмэ, жылэр фызэспхъуэнущ, - жери.

Гъэнэгъу кьуажэм къришщІащ щІалэр дишащ пщым. Абы кьепльри, бийм я дзэпщым къыщыдыхьэшхащ:

- Мы щІалэ цІынэра си пелуаным кьевгъэбэнынур? - жери.

Дзэпщым и пелуан абрагъэрэ ирихьэжьауэ къратуІупщхьащ. Выгъашхэ хуэдэт бийм я пелуаныр. ЩІалэри ихьащ пхъэщыкъум. Зэрыубыдащ. ЩІалэм и кьупщхьэр зэхитІэщэщэн и гугъащ бийм я пелуаным: щІэзэрыдащ, кьеЕэдзэкъуащ : зы-ри хуеІакъым. Езым бийм я пелуанр зэщІиубыдэри, зэфищыжІащ, зы Іэкъ иІэтри, пщым и пащхьэ кьрихьхьащ:

- Сыт мыбы есцІынур? - жери.

- ЕпщІэнур епщІащ, - жиІащ пщым. - Зейм хуэхьыжи, и пащхьэ игъэкІыурие.

Бийхэм заІэтри, я щхьэр щІахьащ, афІэкІаи къытрагъэхьакъым.

Жылэм гуэзвэгъэуэр ящхьэщызыха щІалэр и анэм хуиІэжащ щыпм, Іэщрэ шырэ куэду иритри.

Делэ

ЗЫІІ и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ зыщІигъури, мэшых кІуащ. ШэджагъуэкІ хъури, я гъуэмылэр тхьэрыкъуэф Іэнэм кьытралъхьащ.

- Псы къэхьынщ, - жери я пхъур псыхьэ кІуащ.

Хъыджэбзыр кьыщыгъвэм, лІыр гуэзващ.

- КІуэт плъэт: щхьэ къэгъвэрэ? - жери лІым и щхьэгъусэр я пхъум кІэлъыгъэкІуащ.

Фызыр псы Іуфэм Іухьэмэ - я пхъур магъри жыг щІагъым щІэсщ.

- Щхьэ угъэ, сыт къэхьуар? - къэщтащ анэр.

Хъыджэбзыр зэщоджэ.

- СыдэкІуэрэ щІалэ щыкІу къэсльхъумэ, дадэ мэшых къыздишэнщ, псыхьэ игъаКІуэмэ, мы жыгым дэпщеинщ. Къехуэхмэ, и щхьэр зэгуиудынкъэ! Араш сыщІэгъыр, - жиІащ пхъум.

- А сымыгъуэт! - жери фыз гуэрыр гъыуэ тІысащ.

И пхъумрэ и щхьэгъусэмрэ я къыщыгъвэм, лІыр якІэлъыкІуащ. Зэанэзэпхъуэ гъыуэ ирихьэлІащ лІыр.

- Сыт къэхуар? ЩІхьэ фыгъэ?

- Къэхуам ущІэмыупщІэ, - къыжриІащ щхьэгъусэм. - Дыунэхьэж пэтащ! - ЩІэгъыр къыжраІащ.

И щхьэм щІэтІахъэри, лІым къыІунгъэзыкІыжащ.

- Сэ фэ тІэм зы дедэ сримыхьэлІауэ къэзгъэзэжыкъым! - жери лІыр гъэугу техьащ, и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ мэшым кьыхинэри.

Гъэугу техьауэ здэкІуэм, кьуажэ ирихьэлІащ, кьуажэм дыхьэри, зы хьэщІэщ ихьащ. ХьэщІэщым здисым ельагъу: нысащІитІ ззэпщІащ щІэхъэ, пІастэ бзлагьыщхьэ ящІащ - жери унэГут хьыджэбзыр гуащэм деж щІэльэдэжащ. Гуащэр гуфІащ, зиІэтри, хьэщІэм деж кІуащ.

- Хьэдрыхэ укъикІар пэж?

- Пэжщ, - жиІащ лІым.

- Си тхьэмадэжьыр нэгъабэ дунейм ехьажащ. Ярэби, яримыхьэлІауэ пІэрэ, къыпІэщІэльэгъуагъэхъэ?

- СрихьэлІащ, - жиІащ лІым. - Махуэ къэси сольагъу. Чэзыр къыльысауэ, пщэдей жэнэтым ирагъэтІысхьэнущ. Иту кьеуэ щыІэкъым, и цейр зэрыльэкъам фІэкІ.

- ГъэмылэкІэ сыт хуэдэ? - къеупщІащ лІым гуащэр.

- Гъэмылэрэ къыІэщІэухащ, - жиІащ лІым.

- А дыдыыдыд мыгъуэ, ди напэр текІ пэтан! - жери гуащэм игъэпщэфІащ, ту зэщІригъащІэри, гъуэмылэр гум из ищІащ, цеи, щІакІуэ-бащлъыкъыи, лъахьъстэн мести къыщигъужри, лІыр кьриГъэжьэжащ. - Си тхьэмадэжьым хуэдэщэ, езыр къытхуэарэзыщ, зэрыдмылъагъум нэхъ гукъеуэ диІэкъым. Пщыр зекІуэ кІуащи, нобэ-ныжэбэ къъсыжынущ.

Пщыр ныбдэкІуэтэнт, кьрихьэлІэжкамэ.

«Нэхъ делэжьым срихьэлІаш», - жиІащ лІым, губгащхьэм дэтІысхьэри.

ЩхьэщІэр екъэжа къудейуэ, пщыр щхьэсыжащ.

- Мыращ-мораш, - жиІащ гуащэм, - ахъщэрэ къикІа хьэщІэ диІащ, едгъэжьэжа ящІащ, си тхьэмадэжьым гъэумыли щыгъыи фэилъхьэгъуэ хуоогъашэ.

Пщыр хьэщІэм плъэжьащ, щэсыжри. ЩІыхьэри екъэжащ, щыгъэжьа.

- Тхьэм и нэфІ зыщцыхуэн! Гублащхьэм удэсу хьэдрыхэ дауэ укІуэжьи, уздэкІуэжми сыт къыпхужаІэн: си хьэтыр къэлъагъуи, си шым щэс.

ЛІым шы ІумпІэр ЇэщІилъхьащ пщым.

- Уи хьэтыр сльагъунщ, - жиІащ ЛІым, шым щэсри екъэжащ, гум бгъурыувэри.

«Ди унэ исхэм нэхъ р нэхъ делэ Іэджи щыІэщ», - жери игу зэгъауэ, лІыр и пщІантІэ дыхьэжащ.

Щ І а л э к ъ у а п ц І э

къыпхуэльэфынутэкъым. КІейр къигъауэщ, пхъэльэфынэ иридзэщ, кІапсэ иришІэри, кІейр кьуэм кьыдильэфащ щІалэм. «Мыр хэт щыщми, ззэгъэщІэнщІ» - жысІэри щІалэ къуащІэм и ужь сиуващ. И ужь итуРэ сыкІэльыкІуащ, щІалэр я жылэ дыхьэжьыху. Зыдыхьэжа пщІантІэри ззэгъэльэгъуащ.

- КьыпхуэцІыхуужьи? – еупщІащ пщыр лІыжьым.

- КьыскъуэщІыхуужьщ. ДыкІуэн пфІЭигъуэмэ, усшэфынущ, - жиІащ лІыжьым.

Абырэ нэгъуэщІ зы лІыжьрэ зыщІигъури, пщыр я ГъэнэгъуІ жылэм кІуащ. ЛІыжьым кьригъэльэгъуа пщІантІэм дыхьащ пщыр. Зы ныеуэ нэмрэ кьыщІэкІри, кьапежьащ:

- Фыкъеблагъэ, - жери.

- Деблэгъэнущ, - жиІащ пщым. - Араущ дыкъыщІэкІуар.

Пщымрэ лІыжьымрэ хьэщІэщым иришэри, нуэр яхуэпщэфІащ. Ныуэр абы хэтурэ, пщІантІэм зы щІалэ къыззрыдыхьэжар яльэгъуащ хьэщІэщым ис пщымрэ лІыжьитІымрэ. ШыфІЭдзапІэм шищ бгъэдэттри, щІалэм кьищІэнтэкъэ хьэщІэ зэрисыр. ЩІалэр ныуэм и кІуэрати, и анэм деж щІыхьэри, еупщІащ:

- Хэт ди хьэщІэр? - жери.

- Ди хьэщІэр сэ дэнэ щысщІэн: Іэнэр хьэ́ащ хуащи, ягъэхьи ябгъэдэс, - жиІащ щІалэм и анэм.

Іэнэ ихьри, щІалэр хьэщІэхэм ябгъэдэсащ. Іэнэр хьэщІэщым ирахьжа нэужь, пщым жиІащ:

- ШынэхьщІэ, хьэщІэр щхэмэ, бжэм ябгъэдэсащ, - жиІащ щІалэм. Дыбгъэтхъащ, фри ерыскъыр убагъуэ. ІуэхукІэ дыкъэкІуащи, уи анэр кьытхэпшамэ, ди гуапэ хэунут.

- Дэгъуэкъэ-тІэ, - жиІащ щІалэм, и анэр хьэщІэхэм кьахэщащ.

- Ди анэ, - жиІащ пщым, - дыкъызыкІэлъыкІуар уи щІалэрэщ. Уи щІалэм и ЛІыгъэм дыщыгъуаэзщ. Гуэзвэгъуэ дыхэхуащи, уи щІалэм дыкъыхишафынущ гуэзвэгъуэм, - жери я Іуэху зытетыр щІалэм и анэм жриІащ пщым.

- ЩІалэм апхуэдэ лІыгъэ къыкъуэкІынымки, сщІэркъым, - жиІащ ныуэм. - Сэ-бэп хъунумэ, нрекІуэ. СызэрывэлъэІунур зыщ: псэууэ къыскъуэфщэж щІалэр - а зыращ сэ сиІэр, и адэри щхьэщытыжкъым.

- Псэууэ къыпхуэсщэжынкІэ псалъэ узот, - жиІащ пщым.

ЩІалэр къызыщІагъури, пщымрэ лІыжьитІымрэ я жылэ кьэжІужащ. Жылэр бийм къызэраувыхьащи, гуэзвэгъэгъуэ ятельщ, я пщы тхьэмадэмрэ лІыжьитІымрэ къыщысыжьымут поплъэри ззэхэтщ.

Махуищ пІалъэр щикІым, бийм я дзэпщым къиІуэхуащ:

- ПІальэр иКІащ, ди пелуаныр нобэ кьыдэвмышмэ, жылэр фызэспхъуэнущ, - жери.

Гъэнэгъу кьуажэм къришщІащ щІалэр дишащ пщым. Абы кьепльри, бийм я дзэпщым къыщыдыхьэшхащ:

- Мы щІалэ цІынэра си пелуаным кьевгъэбэнынур? - жери.

Дзэпщым и пелуан абрагъэрэ ирихьэжьауэ къратуІупщхьащ. Выгъашхэ хуэдэт бийм я пелуаныр. ЩІалэри ихьащ пхъэщыкъум. Зэрыубыдащ. ЩІалэм и кьупщхьэр зэхитІэщэщэн и гугъащ бийм я пелуаным: щІэзэрыдащ, кьеЕэдзэкъуащ : зы-ри хуеІакъым. Езым бийм я пелуанр зэщІиубыдэри, зэфищыжІащ, зы Іэкъ иІэтри, пщым и пащхьэ кьрихьхьащ:

- Сыт мыбы есцІынур? - жери.

- ЕпщІэнур епщІащ, - жиІащ пщым. - Зейм хуэхьыжи, и пащхьэ игъэкІыурие.

Бийхэм заІэтри, я щхьэр щІахьащ, афІэкІаи къытрагъэхьакъым.

Жылэм гуэзвэгъэуэр ящхьэщызыха щІалэр и анэм хуиІэжащ щыпм, Іэщрэ шырэ куэду иритри.

Хэт нэхъ бзаджэ?

ЩХЬЭПТЕТЫМхьэжакІуэ къыхуэкІуамэ, баз апиухьэрэ хьэжьыгъэр яфІиШ и хабзэт. Пщы упсынкІэт баз зэрапихьэр. Хьэжьыгъэр къэпым ирикІуэтэрт, къэпыщхьэр ипхэжьри, мыр къариухьлІэрт:

- Пщы дыупсурэ, сыптекІуэмэ, уи хьэжьыгъэ къэпыр щхьэлым къыщІыбонэ, укъыстекІуэмэ, уи хьэжьыгъэ къэпым си хьэжьыгъэ къэпи ныщІызоГъу.

Базыр яфІихьурэ, цІыхум яІэщІуэжэгъуащ щхьэтетытыр. Абы нэсауэ, зы щІалэ бзаджэ щхьэлым хьэжакІуэ кІуащ. Зэрихабзэти, щхьэтетыр къэпынуащ:

- Баз дыззпихьэнщи, пщы упсынкІэ сыптекІуэрэ - уи хьэжьыгъэр щхьэлым къыщІыбонэ, укъыстекІуэрэ - уи хьэжьыгъэм зы ныщІызоГъури, уи хьэлэзи.

- Хьунщ, дыззпихьэ, - арэзы хъуащ щІалэр: - Уэ къыщІэдзэ.

- КьыщІэздзэмэ, мыращ уззэгъэдэІуэнур, - жери щхьэтетым пщы иупсын щІидзащ. - Зы джэд сиІэт. Джэдыр унэм щІэзубыдэри, щхьэлым сыкІуащ. ТхьэмахуэкІэ тезгъэзакъым унэм. ТхьэмахуэдэкІрэ сыдыхьэжмэ - джэдыр мэкъаКъэри уняущхьэм тесщ. Джэдыр кІэщІуэрэ джэдыкІэр унэм щІэз хъуащ, езыр уэнжакъымкІэ ильэтыкІыжащ. Бжэр щыІуСхьи, джэдыкІэр унэм кьыщІэри, пщІантІэм дзэ хъуащ. Хьэблэм афІэкІа Іуэху диІэжкъым. Нобэми ныжьэбэми дошх - ильэсым щІигъуащи тхуэгъэкІуэщІырхъым, гуиБгъу из джэдыкІэ хуКІэ тхуэжри, ху гуибгъу ди гуэным иткІутэжащ, - жери щхьэтетым и псалъэр нигъэсащ.

- Ари содэ, - пещэ щІалэ бзаджэм. - Иджы сэ кьыздэІуэ. Зы адакъэжь диЭти, нэху мыщ щыкІэ Іуэн щІидзэрэ дигъэжейр тэкъым. «Мы хьэл Іейр зыхэгъэнынщ», - жысІэри, ВакІуэ сыдэкІырти, адакъэр ВапІэм схуащ, ВыпэщІэщІэри, махуиблкІэ сриВащ. ПхъэІэщэм зэхиукІэри, Іуэн щигъэтащ адакъэм. И пщэри БжьыМ триратти, сфІэгуэныхь хъурэ, Іуэм деж сыкІуащ: «Схуэгъэхъуэ, - жысІэри. Дэ купщІэ иПІытщ, адакъэм и пщэм дагъэ къыщихуэри, Іэзэм сыкьнутІыщащ. ПщІантІэм дэпъуэ, адакъэм и пщэм дээшхуэй жыгышхуэ къикІыкІащ. Дээшхуейм дэ къыпыкІащ. «Зы дэ къыпыкІыжьынщ», - жысІэри дээшхуейм ятІэ шыкъыркІэ сыдэуеящ. ЯтІэ шыкъырыр жыг щхьэкІэм ксинащ, уэшх къешхри жыгыщхьэм ильэ ятІэ шыкъырыр щІыгъэм щІэтхуэрэ ВапІэ хъуащ. ЩІыр зваащ, кхэб хэссэри схуэбэгъуащ. Кьэбыр къесщэлІэжащ, зы кхэбышхуэ къыхэкІати, гум къыскхуилъхьакъым. Кьыщыскхуимыльхъэм, сэшхуэкІэ сеуэрри, кхэбыр зэгуэзгъэхуащ. Кьэбым щыхъ хъушэ кхыдэщІэфтащ, акъэм ездзуэр щыхъ хъушэр кьэсхуауэ ди Іуэм итщ, Іусыр кьысІэщІэухати, аращ хьэжакІуэ сыкъыщІежьар, - жери щІалэм и псалъэр нигъэсащ.

- Сыпхьащ, - жиІащ щхьэлтетым, езым и зы хьэжьыгъэ къэпи къриТри, щІалэр кьнутІыпщыжащ.

● ПсынщІэрыпсалъэ

Бжьэ кІэрэф ныбэ джафэ

Мо жэм жьэку бжьэ кІэрэф ныбэ джафэ псы Іуфэрыхъур уи закъуэ уи жэм къуэку бжьэ кІэрэф ныбэ джафэ псы Іуфэрыхъу, псоми ди зэхуэдэ жэм къуэку бжьэ кІэрэф ныбэ джафэ псы Іуфэрыхъущ.

Зытхъыжар
ЩОМАХУЭ Билащ.
Зетхъуэ къуаэ.

Си пыІэкур къраудащ

Зы къуажэ зыІІ дэст. ФызитІ иІэти, ТІум я зыр иригъэкІы-жьи мурад ищІащ ЛІым. «Мор, мыр» - жиІэурэ, и фызитІым яхуэзэкІощІолІъ лІыр, ядигъэуэн игъэтыркъыми, иригъэІыжьынур къыхуэщІэркъым. Абы тетурэ, фызитІым гу лъатащ лІым мурад мыгъуэ къаззэрыхуищІам.

ЛІыр кьыщаумысым, фызитІыр иКІыжьащ я щхьэгъусэм къахуимурадым хунагъэсакъым. ЛІыр, и щхьэм щІэтІахъуэу, пщІантІэ нэщым кьыдэнащ:

- Си пыІэкур къраудащ, - жери.



Андемыркъан. Лашын.
Сурэтхэр АККИЗОВ Екъуб *ищІащ.*

● Псалъжьхэр

Аркъэн кІэлъумыдзыж

♦ Къыдыхьэр думыхуж, дэкІыжыр умыубыд.
♦ Махуэ гъуэгу утехьэмэ, махуищ гъуэмылэ здэщІэ.
♦ Мэзэр мазэхэрэ уи щэху щумыІуатэ.
♦ Нэмыс пщІымэ, уи щхьэщ зыхуэпщІыжыр.
♦ Нахъыжь кІэлъыдджэрхъым - кІэлъокІуэ.
♦ ПащІэгъэлыгъуэ джэгу къезыхьэр.
♦ Псалъэр бутІыщмэ, аркъэн кІэлъумыдзыж.
♦ Узигъусэм и фэ къуаплъ.
♦ Уи жьэ зэсэмэ, уи нэмыс мэкъутэ.
♦ Уи щхьэм иумышэсымкІэ нэгъуэщІым ухуэмыупсэ.
♦ ХъуэхъукІэ узэхыхьэмэ, хъуэнкІэ узэхэмыкІыж.
♦ ХьэщІэр куэдрэ исмэ, щхуэдыгъу мэхъу.
♦ Шыр итымэ, щхуэри дэщІыгъу.
♦ Щыщхьэр пІэщІэкІмэ, щыкІэм укІэхьымыІэбэж.
♦ Іущыр щэ мэчэнджащэ.

● Хъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІыр

Мы хъуэхъубжьэр си щІэсащ,
Мыр си щІасу жьэІэ:
Махуэ жагъуэ диМыІэу,
ФІыгъуэр диІэр здздгъэшу,
Ди шагъдийхэр здидгъэльу,
Багъуэм пЭжьир ди Іэщу,
ЛІыхьу пЭрыІуэр ди щауэ,
ЩІыуэныгъэр ди машІэу,
ПщІэ зыхуэтщІыр нэхьыжьу,
Ди пэхьыжьхэр губзыгъэу,
Ди жагъуэгъуэр
тфІэлІыкІыу,
ТльэжІыр тщІэжр дыгъужу,
Ди тхъэжьгъуэр гьунэшпу,
ГущІэгъуэшэ тхэмыгу,
Ди гуэныр гъавэм кьыкъугэу,
Хъуэхъур ди куэду,
ПщІэ зыхуэдгъэщІыфрэ
**Афэр ди бЫд

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Жыжьэ - гъунэгъу

Зауэ гуащIэм и лъагъуэр

2007 гъэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ Осетие-Алание Ищхъэрэм и къэлащхьэ Владикавказ щхьэхуитыныгъэм щIэбзаныгъэмкIэ къалэдэсхэм хахуагъэрэ лIыгъэрэ щIэзэрагъэльэгъуэм папщIэ «ЗауэлI щIыхьым и къалэ» щIэлъапIэр къыфIащащ.

АБы ЕХЬЭЛIАУЭ иджыблагъэ Владикавказ къыщыдэкIащ «Битва за Кавказ» тхылъыщIэр. Ар и Iэдакъэ къыщIэкIащ Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РСФСР-м, Осетие Ищхъэрэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, «Стыр Ныхас» жылагъуэ-политикэ зэгухэныгъэм и тхьэмадэ Гиоев Михаил.

Тхылъым гулъытэ хэха хуеущ коммунист кIыхьэрыгуэкIэм, парт, комсомол зэгухэныгъэхэм хэтахэм Кавказым щекIуэкIа зауэм щагъэзэщIа кIалэнхэм. Гиоевым и гукъэкIыж куэд кIыщитгъэльэгъуэжащ тхылъым, къыщыдэкIыщIауи, тхылъыщIэм теухуауэ абы я гупсысэхэр кIыщадIуэтащ республикэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Хьэфыщ Мухьэмэди.

А тхыгъэм Мухьэмэд щыжеIэ: «Хэку зауэшхуэм и тхыдэр, абы щекIуэкIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр псэкIэ зехэтщIэным мыхьэнэщхуэ иIэщ дыщыпсэу лъэхъэнэм. Абы ипкъ иткIэ, сытым дежи щхьэпэщ фронтым Iута совет лIыкIуэжьхэм а зауэ гуащIэм щызэрахьа хахуагъэм, я кIуалIэкъым зэрыхуэпэжам, сэлэтхэм я зэхуакIэ дэлъа зэныбжьэгъугъэм теухуа тхылъэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэхэм яхьубжэ хэунущ офицеру фронтым щыIа, иужькIэ тхьидзж, профессор цIэрыIуэ хъуа, Военнэ щIэныгъэхэмкIэ академием и академик, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Гиоев Михаил и «Битва за Кавказ» тхылъ гъуэзэджэр.

Сыт ар зытеухуар? Тхылъым Iупщ1у къыщыдгъэлъэгъуэжащ гъащIэ мелуанэр къызэпызыуда зауэм къыгохуихьа гуауэшхуэр, абы и тхыдэр, Кавказым и хъумакIуэхэм къызэкъуаха лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, парт, комсомол зэгухьэныгъэхэм щытыкIэ шынагъуэхэм къызэрыхэкIа лэжьыгъэ къызэгъэпэщахэр, лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым щыщ зауэлIэхэмрэ командирхэмрэ я къару зэкъуэтыр.

Документ бжыгъэншэхэмрэ езы авторым и нэгу щIэкIа, зыхэта Iуэхугъуэхэмрэ тегъэщIапIэ ищIри, Гиоевым нэсу эпкърихащ Дзэ Пльыжьым и зауэлIхэм я патриотизмыр, интернационализмыр, лIыгъэм, хахуагъэм кьежьапIэ хуэхъур. Апхуэдэуи авторым къыджеIэж Кавказ щыналъэм щIэбэнахэм ирагъэкIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэр, гу зылъитаныкъуасаныгъэхэми топсэльыхь.

Кавказ Ищхъэрэм и фронт зыбжанэм щызэуа тхакIуэм жеIэж езыр щылэжьа учиящ и зауэм и зауэлI гупыр, адрей зауэ подразделениэхэр кIимыкIуэту бийм зэрыпэщIэтар. Гугъуехь куэд щагъэващ ди зауэлIхэм Кавказым и бгыпхэм. Икли пэжщ, 810-нэ полкым и 394-нэ дивизим и командир майор Смирнов жиIар: апхуэдэ зэхэуэ кIыхьэрымыкIуэхэм дэтхэнэ зы совет сэлэтри щыIэкIыжьыж.

1942-1943 гъэхэм кавказ щIыдагъэхэм хуэкIуэ гъуэгур зыхъума, Кавказ бгыщхьэхэм тету зи псэ зыта зауэлIхэм псалъэ дахэ куэд яхуэфащэщ, абыхэм я фэеплIыр ящыгъупщэ хъунукъым иджырей щIэблэми дяпэкIэ къыпщIэхъуэнухэми. Си тхыгъэм и кIэухыу, Владикавказ къалэм щIэ къалэпIэ къызэрыфIащар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис псоми ди гуапэ зэрыхуэар кхъэхэзгъэщIыну сыхуейщ».

● Щыкiуэхэм факъыхуеджэ

Бажэ бзаджэмрэ Бабыщ губзыгъэмрэ

БЖЬЫХЬЭТ. Бажэ Бзаджэм мурад ещI: «Бабыщхэр хуабатIэм лъэтэжыну загъэхъэщыр. Псым сыкIуэнщи, бабыщыл тIэкIу зыIэрызгъэхьэнщ», - жеIэр.

Пабжьэм кьыхэпщрэ якIэщIэкIуасэмэ, пэж дыдэу псы Iуфэм гупуэуэ щыIэрыгъэхъуэуэ щысщ. Зы Бабыщ Анэжь пабжьэ дыдэм деж щытщ, и кьабзийхэм юпэщэщыхьри. Бажэр мапхъэрри абы и дамэр еубыд.

И къару кьыIэрихькIэ йоIэ, арщхьакIэ Бабыщ Анэм зыIэщIеуд, и кьабзийхэр Бажэм кьыжьэденэри. «Еуей, - жи Бажэм, - сIэщIэкIа мыгъэущ»

Iупыр щтэщ, лъатэри, екъэжащ.

Бабыщ Анэжьыр къэнащ: и дамэр къутат, и кьабзийхэр мащIэ хъуати, псы Iуфэм пэIэщIэу къамылым зыхихгъэпщкIуащ.

Бажэр Iунэщыу IукIыжащ.

Щымахуэр кьос. Бажэ Бзаджэм игу кьокI: «Iуэлыр щтащ. Бабыщ Анэжьыр сэ кьысхуэнащ, си Iухъущ ар сэ сIэщIэкIмэ, иджы: уэсым техьэмэ, хьэжьыр кьытринэщ, и лъэужьымкIэ сэ ар къэзгъуэтынщ».

КьоюкIуэ псыми - пэж дыдэу псы Iуфэ уэсым бабыщ лъакъуампIэр телъщ. Езы Бабыщ Анэжьри а пабжьэ дыдэм хэсщ зигъэбэлащуэу.

Абдежым псынэ кьыщыщIож, гуэл Iуфэм мыл тригъащIэркъым - зыщIэгъэуапIэр хуабэщ, бахьэр кьыжьэх. Бажэр Бабыщ Анэжьым хуоIъэ, Бабыщ Анэжьым - «жьгъумпI» - зыщIегъауэри, мыл щIагъым щIохьэж.

«Пу, алаурсин! - жи Бажэм. - Зригъэтхьэтэжащ...» Iунэщыу IукIыжащ аргуэру.

Гьатхэр кьос. Бажэ Бзаджэм игу кьокI: «Псым тель мылыр зэткIуэж. СыкIуэнщи, бабыщыл щтакIэ зыIэгъэтхъэжынщ».

КьыздэкIуам Бабыщ Анэжьыр - лажьи хъати имыIэу - пабжьэм деж псым тесщ.

Абы щыгъуэ мыл щIагъымкIэ щIэкIри, адрей Iуфэм деж иIэ зыщIэгъэуапIэ хуабэмкIэ кьыщIэкIыжауэ арат: абдежми псым пэIэщ кьыщыщIэжьырт. Апхуэдэу щымахуэр ирихьащ.

«Ельэ ар», - жи Бажэм, - умыпIащIэ, сэ сыныхъэпIэкъэ идажьпсту а псым!-

- Уакъ, уакъ, уакъ! - жи Бабыщ Анэжьым. - Ухуей хъунт! - псым тоIъэтыкIри, макIуэ-мэпхей!..

Щымахуэр икIыу и дамэри хъужкри и кьабзийхэри къэкIыжат.

БИАНКИ Виталий.
Зэзыдзэкlар **НАЛО Заурби.**

● Дэ къытхуатх

Уэрэдым дыдехьэх

Дэтхэнэ лъэпкъым еым и тхыдэ иIэжщ. Ар зымыщIэм и къэкIуэнуми гулыитэ щIагъуэ хуищIынукъым. ЩIэблэр ди лъэпкъым и тхыдэмрэ псэукIуэ иIамрэ щыгъуазэ щIынымкIэ «Адыгэ псалъэм» къуэдгъэкIыжащ. Аращ ди гугъащIэхэм, гукъеуэхэм ящыщ куэд газетым щIетхьэлIэр.

НЭГЪАБЭ ди республикэм Iэтауэ щагъэльэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей кьэралым зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур. ЖыпIэнурэ, адыгэм и тхыдэ гъэгуанэм, щIагъуэ къэмынэу, «Адыгэ псалъэм» и напкIэуIцIхэм дригъэпльхьащ. Егъэджэныгъэ-гъэсныгъэ IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм ди дежкIэ куэд и уасэт абы кьытехуа тхыгъэ купщIафIэхэри, абыхэм ящIыгъуэ, ипжIэ зэи зыщIыпIи кьыщытрамыдза сурэтыщIэхэри.

● Фи щIэныкIэ

Къудащ Раисэ Iэдэм и пхъур

(1878 -1964)

Адыгэ усакIуэ бзыльхугъэ Къудащ Раисэ Москва къыщалъхуащ. Абы и адэ Iэдэм IэщIагъэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхуу щытащ. Москва дэт почтамтым къулыкъущIэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ. Раисэ егъэджакIуэ хъуным щIэхъуэпсыр. А Iэщ1агъэр зригъэгъуэта нэужь, ар щыхьэрым и школхэм ящыщ зым егъэджакIуэу куэдрэ щылэжьащ, библиотекэм и унафэщIуи щытащ.

УСЭ тхыным пасэу дихьэхащ Раисэ, Абы и кьалэмыпэм къыщIэкIащ дуней къэхъуащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа усэ хьэлэмэт куэд. Ахэр кьытехуэрт щыхьэрым къыщыдэкI литературэ журналхэм. «Псей цIыкIу мэзышхуэм къыщыкIащ» уэрэд цIыкIм и усэхэр «Малютка» сабий журналым 1903 гъэм кьытехуауэ щытащ, «А.Е.» зыхэрфхэм фIэкIа усэр зи IэдакъэщIэкIым теухуауэ зыри кIэщIэмыту. Музыкэр фIыуэ зыльагъу, дахэу уэрэд жьэIэ Бекман Леонид а усэ цIыкIур игу ирихьри макъамэ щылIэхьауэ щытащ, усэр зейр хэтми имыщIэу.

Апхуэдэу куэдрэ екIуэкIащ: Илъэсыщ1эм и нэщэнэу ябж псей цIыкIм и уэрэдыр сабий псоми яIуриIуну, ауэ усэр зи Iэдакъэщ1ым зыми имыщIэу. «А.Е.» цIэ лейр Къудащ Iэдэм ипхъу Раисэу зэрыщыIыр haIуэ щыхьуэр 1941 гъэр. Абы щыгъэзэм Раисэ хуэзауэ щытащ совет тхакIуэхэм я тхыдэмэ Фадеев Александр икIи зэрыусакIуэр жриIащ, «Псей цIыкIу мэзышхуэм къыщыкIащ» уэрэд цIыкIм и псальэхэри зытхар езырауэ зэрыщытыкIэ зыкъиуныбжьащ.

Куэд дэмыкIыу Къудащыр СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ. Усэ фIыуэ зыльагъуэр и Iэдакъэщ1экIэмкIэ игъэгуфIэу уэрэд Раисэ. Ар дунейм ехьжащ 1964 гъэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэм щыгъэтаГу
Къудащ Раисэ илъэс 85-м иту; езым къыдигъэкIа тхылъхэм я жинтэр.



● Щыкiуэхэм факъыхуеджэ

Бажэ бзаджэмрэ Бабыщ губзыгъэмрэ

БЖЬЫХЬЭТ. Бажэ Бзаджэм мурад ещI: «Бабыщхэр хуабатIэм лъэтэжыну загъэхъэщыр. Псым сыкIуэнщи, бабыщыл тIэкIу зыIэрызгъэхьэнщ», - жеIэр.

Пабжьэм кьыхэпщрэ якIэщIэкIуасэмэ, пэж дыдэу псы Iуфэм гупуэуэ щыIэрыгъэхъуэуэ щысщ. Зы Бабыщ Анэжь пабжьэ дыдэм деж щытщ, и кьабзийхэм юпэщэщыхьри. Бажэр мапхъэрри абы и дамэр еубыд.

И къару кьыIэрихькIэ йоIэ, арщхьакIэ Бабыщ Анэм зыIэщIеуд, и кьабзийхэр Бажэм кьыжьэденэри. «Еуей, - жи Бажэм, - сIэщIэкIа мыгъэущ»

Iупыр щтэщ, лъатэри, екъэжащ.

Бабыщ Анэжьыр къэнащ: и дамэр къутат, и кьабзийхэр мащIэ хъуати, псы Iуфэм пэIэщIэу къамылым зыхихгъэпщкIуащ.

Бажэр Iунэщыу IукIыжащ.

Щымахуэр кьос. Бажэ Бзаджэм игу кьокI: «Iуэлыр щтащ. Бабыщ Анэжьыр сэ кьысхуэнащ, си Iухъущ ар сэ сIэщIэкIмэ, иджы: уэсым техьэмэ, хьэжьыр кьытринэщ, и лъэужьымкIэ сэ ар кьэзгъуэтынщ».

КьоюкIуэ псыми - пэж дыдэу псы Iуфэ уэсым бабыщ лъакъуампIэр телъщ. Езы Бабыщ Анэжьри а пабжьэ дыдэм хэсщ зигъэбэлащуэу.

Абдежым псынэ кьыщыщIож, гуэл Iуфэм мыл тригъащIэркъым - зыщIэгъэуапIэр хуабэщ, бахьэр кьыжьэх. Бажэр Бабыщ Анэжьым хуоIъэ, Бабыщ Анэжьым - «жьгъумпI» - зыщIегъауэри, мыл щIагъым щIохьэж.

«Пу, алаурсин! - жи Бажэм. - Зригъэтхьэтэжащ...» Iунэщыу IукIыжащ аргуэру.

Гьатхэр кьос. Бажэ Бзаджэм игу кьокI: «Псым тель мылыр зэткIуэж. СыкIуэнщи, бабыщыл щтакIэ зыIэгъэтхъэжынщ».

КьыздэкIуам Бабыщ Анэжьыр - лажьи хъати имыIэу - пабжьэм деж псым тесщ.

Абы щыгъуэ мыл щIагъымкIэ щIэкIри, адрей Iуфэм деж иIэ зыщIэгъэуапIэ хуабэмкIэ кьыщIэкIыжауэ арат: абдежми псым пэIэщ кьыщыщIэжьырт. Апхуэдэу щымахуэр ирихьащ.

«Ельэ ар», - жи Бажэм, - умыпIащIэ, сэ сыныхъэпIэкъэ идажьпсту а псым!-

- Уакъ, уакъ, уакъ! - жи Бабыщ Анэжьым. - Ухуей хъунт! - псым тоIъэтыкIри, макIуэ-мэпхей!..

Щымахуэр икIыу и дамэри хъужкри и кьабзийхэри къэкIыжат.

БИАНКИ Виталий.
Зэзыдзэкlар **НАЛО Заурби.**

● Фщ1эн щхьэкIэ

Псэлъэгъу гуакIуэ

ЗЭВГЪЭЩIЫХУА цIыхъ ум гуапэу игу фIыкIынэжьын папщIэ фIыкIэльыплъыпхъэщ фи зыIыгъыкIэм, псэлъэкIэм, гупсысэкIэм.

- Щыхур кьыIэфхъэхьыфу, Iуэхутъэ пIыухъкIа Iуэрым гъэщIэгъэуэну фытепсэ лъыхьыжьыфу, гушыIэкIэ дахэ фиIэу щытыпхъэщ.

- НэгъуэщI щыпсалъэм де ж зэпымыу ду, жиIэм федэIуэфу, гупым хэс дэтхэнэми псалъэ лыигъэсыным фыкIэльыплIу щытыпхъэщ.

- Щыхур кьыщывэпсалъэм деж щхьэгъубжэмкIэ фыдэплIу, тхылъ, журнал зэвгъэдэхэкIыу фыщысыныр кьекIуркъым, атIэ кьывэпсалъэм Iэдэбу федалъэмэ, нэхъ екIущ,

- Фи екъулIэныгъэхэм куэдрэ фытемыпсэлъыхь, армыхьумэ фыщыхьащыт - хьуу факьыщыхьунущ. Апхуэдэ дыдэуи кьывэмыхьулIа Iуэхуэхэр утыку кьыщIифхьэн щыIэкъым.

- Зи гугъу ящым теухуауэ фщIэм щэч гуэр кьытефхьэмэ, фытемыпсэлъыхьи нэхъыфIщ.

- Фызэпсалъэхэм я зыхэзым бгъэдэлъ ныкъуасаныгъэ гуэр псоми зэхэхьу жыфIанэ кьезэгъыркъым.

- ХьэщIэ кьеЗыгъэблагъэ бысымыр нэхъ пасэу егупсысыпхъэщ и унагъуэ къихьэнух эр дзэхьэхь Iуэхугъуэм, зыпэрыт лэжьыгъэм. Абы щыгъуэм хьэщIэмрэ бысымымрэ зэманыр кьухьинэжу зэрагъэкIуэнум щэч хэлъкъым.

- Губжьым, пцIым зыщывдзей.

- ЦIыхум кьывжиIар акъылымщагъэу е дыхьэшхэну щытми, ар занщIэу жевмыIэу, кьыззрезэгъкIэ, и гупсысэкIэр зэрымытэмэмыр гурыгъаIуэ.

- Щымыт цIыхур фымыуб.

● ЦIыхухъуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыфlэу ущытын папщIэ

Езым теухуа хъыбар жеIэмэ, цIыхур сыхьэт бжыгъэкIэ къодзIуэфынущ.

ДИЗРАЭЛИБенджамин,
британ тхакIуэ, политик.

Зауэм текIуэныгъэ кьыщыпхьын папщIэ къарууфIэу ущытын хуейщ, ар кьыумыгъэхьелн щхьэкIэ Iуущу ущытыпхъэщ.

ДЖОНСОН Линдон,
США-м и Президент щытащ.

Гулъытэ зыхуащIа цIыхум ар и гъащIэ псокIэ игу кьинэжьыпхъэщ, ауэ дэIэпыкъуэгъу хъуа цIыхум ищIар а сыхьэтым щыгъупщэжьын хуейщ.

ДЕМОСФЕН,
алыдж оратор.

ГъэщIэгъэунэщ: цIыхум мэл папщэ иIэми заншIэу кьыбжиIэфынущ, ауэ ныбжьэгъу папщэ иIэми, жэуапыр заншIэу кьыуитыфынукъым, апхуэдизкIэ а тIум я мыхьэнэр зэхуэдэкъыми.

СОКРАТ,
алыдж философ.

Насыпыфlэу ущытын папщIэ, насып зэрыщыIэр уи фIэщ хьууэ щытпхъэщ.

ТОЛСТОЙ Лев,
урыс тхакIуэ.

ЦIыхум кьыгурыIуэращ зэхихыр.

ГЁТЕ Иоганн,
нэмыцэ тхакIуэ.

Псальэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** КъБР-м и цIыхубэ артист, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, кино актер цIэрыIуэ. **4.** Мыщэ и кIуэ ... Адыгэ таурыхъ. **6.** Дон, Псыжь, Тэрч Iуфэ щыпсэу урыс лъэпкъ, езыхэм я хабзэ, я Iэтащхьэ яIэжу. **7.** СабинтIыным икIа, лIыпIэ нуда. **11.** ЕджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI. **12.** Техникэ щIыныгъэхэм я доктор, профессор, генерал-майор, адыгэлI. **13.** Дудар Хьэутий и пьесэ. **15.** УФ-м ГъуаздэжмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ. **16.** Лъагъуныгъэм кьыхэкIи шэчыныгъэ, гъэфIэныгъэ, фэрыщIагъ. **22.** Пхъум е щыпхъуи и щхьэгъусэ. **23.** Албэчэ Бырымбыхурэ я кьуэ. **25.** IутIыж Борис и пьесэ. **26.** Зы унафэм щIэт щыхуэр щыпсэу щIыналъэ, хэку. **27.** КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, адыгэ усакIуэ. **28.** Гъущ1, щыгун, гъуапIэ уэздыкIыпэ ин. **29.** КъБР-м щIыхь зиI э и артисткIэ, Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей кхъэрадрамэ театрым и джэгуакIуэ.

Къехьу: **1.** Гъубк Мухьэдин и тхылъ. **2.** ЗыпIэкIэхэм я бынхэр нэгъэщI унагъуэм щызыпIу, щызыгъэсэу щыта цIыху. **5.** Уэрэдрэ пшынальэкIэ гъэпсауэ екIуэкI спектакль. **6.** ЛъапIщэ зиIэ щIыналъэ. **8.** Пхъм и зэман нэхъ дахэ. **9.** Гъэгъа пIыхьжь-фIыщIафэ зиIэ, зи лъабжьэр хущхьуэу, щхьинхэлъхьэу къаугъэсэфэн губгъуэ къэкIыгъэ. **10.** КъБР-м гъуаздэжмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург. **13.** Iэщ пIащэ. **14.** Къуаргъым нэ хуащIати ... жиIащ, жи. Лъэпкъыр зэрыгушхуэн, зэрыпагэм ябыкIэ щеджэ щыIэщ. **17.** Совет Союзым и ЛIыхъужь Мэсей Аслъэнджарий щалъхуа къуажэ. **18.** КъБР-м гъэщIэгъэнэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, композитор щэрыуэ. **19.** Кьыщокъуэ Алим и драмэ. **20.** Адыгэ юмозитор. **21.** Зи кьэшэгъуэ щIалэм хуагъэхьэзыра е зэрыша ныбжьыщIэ зэр щыпсэу пэш. **24.** КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиI э артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэр хэрал музыкэ театрым и уэрэджьIалIэ пажэ. **25.** Хабзэ гуэрым тету зэщIалIыкIа макъ зэмылIэужьыгъэ.

Зэхэзылъхьар
УЭРШ Нурхьэлийщ.

Дыгъэгъаазэм и 29-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2.** Бэдж. 4. Дуфэ. **6.** ХьэщIэщ. **8.** Пшэ. **9.** Джэгу. **12** Андэгурэ. **15.** Ужьэ. 16. Мэх. **17.** Лъэгу. **19.** Сэбэп. **21.** Iуэбжэ. **23.** Сыт. **25.** Бзэ. **26.** Бжэ. **28.** Щыгу. **31.** Жьы. **32.** Лъы. **33.** Къэб. **35.** Къэ. **37.** Ныш. **38.** Гъэлъэхъу. **39.** Мастэ. **40.** Бэ. **41.** Пхъы. **42.** Тхъу. **44.** Пкъо. **45.** Кьудас. **46.** Жэпкъ. **47.** Бас. **50.** Пщэдлъ. **51.** Нысаплъэ. **52.** Хьэфотэ. **53.** Бжыкъу. **55.** ЗАГС. **57.** Хьэпс. **59.** Сату. **61.** Щыгъэ. **62.** АнэщIэ. **63.** Аркъэ. **64.** Банэ. **65.** Санэ. **66.** Iуащэ. **67.** Жьлэ. **68.** Тебэ. **69.** Лъашэ.

Къехьу: **1.** Джьыдэ. **2.** Бицу. **3.** ДжаТэ. **5.** МыщIэ. **6.** Хьэш. **7.** Щхьэ. **8.** Пщагъэ. **10.** ГупэIуп. **11.** Хуэ. **13.** Дамэпс. **14.** ГупхэIут. **15.** Уасэ. **18.** IущIэгъу. **20.** Балэ. **22.** Бажэ. **24.** Ныжьы. **27.** Набгъэ. **28.** Щыгтхьупс. **29.** Гулъэмыж. **30.** Жэнэт. **34.** Iулъэдэн. **36.** Iусыпхъэ. **40.** Болэ. **43.** Хьуфэжь. **44.** Псэ. **48.** СIIо. **49.** Малъхъэ. **53.** Бо. **54.** Кьущхьэ. **55.** Зэрагъыж. **56.** СабинтIуэ. **57.** Къэлэмэт. **58.** СапуэщIэ. **59.** СэжуэпIъ. **60.** Уадэшхуэ. **64.** Бзэгу.

● Гушыlэ

Сыт уи щхьэщыр щIэIувыр?

- Мамэ, сыт ди папэ и щхьэщыр щIикIар?
- Куэдрэ гупсысэрти, аращ, - жеIэ анэм.
- АтIэ сыт ууейр апхуэдизу щIэIувыр?

Уэ уопырхъ, хьэр мэбанэ

- Ныжьбэ зы дакьикъи си напIэр зэтеслъхьакъым, - тхьэусыхэурэ и щхьэгъусэм зыхъеГьазэ бзылъхугъэм, - уэ ихъу щыхъу упырхъ, - хьэр бэнащ.

- АтIэ сэ сыбанэу, хьэр пырхъамэ, нэхъ IэфIу уженфыну пIэрэт, - жи лIы гушыIэрейм.

Гъунэгъуэм зэхуахьэс

- Си щхьэгъусэм бгъэдэлъ зэчиим зригъэужьын мурадкIэ хамэ кьэрал макIуэ. Германием зы илъэскIэ уэрэд жьIэным зыщыхуигъэзнущ.

- Ар дауэ фхуэфIэкIа?! А бы щIэтын хуей пщIэр зэрымымащIэм сыщыгъуазэщ.

- Дахэлинэ и мурадыр зэрызэхаухуэ, ди гъунэгъуэм къызэхуахьэащ ахьшэр.

Си IэнатIэ сыпэрыткъым

Пщащэр хьэщIапIэ щыIэу псэльэгъу хуэхъуа хеящIэм зыхуащIафIэуэр йоуащI:

- Илъэс дапщэ къызэптынт?

- Къысхуэгъэгъу, ауэ иджыпсту си IэнатIэм сыпэрыткъым.

● Гъэщ1ыгъуэщ

Дыкъэзыухъуреихь дунейм, щыуэпсым гъэщIэгъуэн куэдым ущрохьэлIэ. Апхуэдэ къэкIуэ къызэрымыкIуэщ иджыблагъэ ди газетым и лэжьакIуэ Къарей Элинэ сурэт зытриха хадзэкIри. Налшык кьалэ дэс Аэлькъ Мидэ и хадэм кьыщIихьыжа кIэрIофхэм ящыщу мы сурэтым щыфIыгъыр. Ар и тепльэкIэ дыдэрыт илъэсым и гуащэм - дзыгъуэм - ещхьыркъабзэщ.

● Щыlэныгъэ

Унэгуащэхэм папщIэ

Хьэцыбанэ

Хьууэ тIыгъуэжа, тIатIэ хьуа хьэцыбанэр кьабзэу ятхьэщI, зы килограммым хуэзэу псы стэканитI щIакIэри, хэтIэтIэху ягъаву. Ар кхъуэнэкIэ язык. ИужькIэ хьэцыбанэпс литрым фошыгъу грамм 300 - 400 халъхьэри, зэIащIуэрэ мафIэ гуащIэкIэ ягъаву. Ар банкIтхьэщIам иракIри, упщIIуху щагъэт, итIанэ щхьэщаIуэнтIэж.

Мыщэхупщ мармелад

Мыщэхупщыр ятхьэщI, шынакъым иралъхьэ, мыщэхупщ I килограммым хуэзэу псы стэканитI щIакIэри, мафIэ мыин дыдэм тету ягъавэ. ИужькIэ кхъуэнэм щIаГьэкIри, зы килограммым хуэзэу фошыгъу грамм 600 - 800 хуэдизэ халъхьэ, ар шынакъ лъащIэм тынщу кьыкIэрыкIыу Iув хъуху ягъавэ.

Хьэзыр хьуа мармеладыр зи лъащIэр псыГэ тепщэчыщIхуэ иралъхьэ, жьы зэпеуэ гуэр дежяГьэуври, яГьэгъущ.

Мармелад гъущар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпаупIри, фошыгъ щабэ тракIуэтэж.

Мармеладыр зи щхьэр гъэбыда банкIкIэ яхъумэ.

Къазмакъ гъэва

Къазмакъыр яГьэкъабзэ, псы щIэкIэ ятхьэщI, кхъуэнэм иралъхьэ, псыр щIаГьэжри, яГьэгъущыж. ИужькIэ гъущI кхъуэнэм щIаГьэкI.

Къазмакъ килограммым хуэзэу фошыгъу грамм 600 - 800 халъхьэ, фIыуэ зэIащIэ, градус 85-рэ зи пщтыраГъ мафIэм трагъуэвэри, дакьикъитхуэкIэ кьаГьэкъуалъэ. Кьызмакъ гъэвара дакьикъм псывжкIэ ятхьэщIа банкIым иралъхьэри, и щхьэр щхьэщIаГуэнтIэж.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Маритэ, Льоэсэн Муэ, Ныбжьк Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуэанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьэм и эу жуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтеуэ зыпIуэ щыIыгъ.

Газетыр Iэ тезыдаХэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щынымкIэ жуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьудокI.

КъБР-м Щнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елъэкIыхащ: жуап зыхь секретарь Дышэкl Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорэу Пхытlыкl Юрэ *(1,4-нэ нат.),* Абу Тамарэ *(2,3-нэ нат.),* корректорхэм я дэIэныкъэгъэ Иуан Заирэ. *Компьютерклэ газетым и теплъэр щIагъ:* ГъукIэI Рае, Дол Маринэ, Шомахуа Маринэ, *сурэтыщIБицу Жанэ.*

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №121